

## ПАДДЗАХАДÆ Æ АДÆМИ ÆНОВУДДЗИЙНАДÆЙ ТУХГИН ÆЙ!..

***Николай НЕКРАСОВ (1821-1878), поэт: «Фидибæстæ уарзун алцæй разæй дæр æй, уомæн арф, фурмондаг æма æнæдзæгъæлтæй ин хуарзмæ æма рохсадæмæ бæллунæй, æ сæрбæлтау есбон æма сауæнгæ цард дæр иснивонд кæнунмæ цæттæ унæй: хуарзæй ци ес, уомæ аразий цæстингасæй кæсун; æ хуæздæр унмæ ин нæдтæ ци æхгæнуй, уонæмæ ба рæстуодæй тингун кæнунæй...»***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№38 (863) 2022 анзи 8 октябрь – кæфти мæйæ

Аргъ 1 туман

# ЦÆУНЦÆ НÆ ТУГЪДОНТÆ ХЪАЗАУАТОН ГЪУДДАГИ...



Нæ бæсти Президент хайон мобилизаций фæдбæл унаффæ ку рахаста, уæд Уæрæсей алли регионтæй дæр тугъдгъон фæсевæди къуæрттæ цæун райдæдтонцæ, Украини нур ци сæрмагонд тугъдон операци цæуй, уордæмæ. Се 'фсæддон ихæс æнхæст кæнунмæ.

Уотæ Цæгат Иристонæй дæр æрæги бабæй ранæхстæр æй еума къуар – æртæсæдæ адæймаги. Уонæй 160 иристойнаг лæхъуæнтæ, иннетæ ба Дагестан æма Мæхъæлæй. Æфсæддон хай поселок Спутникæй сæ рафæндараст кодтонцæ сæ ниййергутæ, хеуæнттæ æма зонгитæ. Бæгъатæр фæсевæди рафæндараст кæнунмæ æрбацудæй нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Æригон тугъдонти, æфсæддон æгъдаумæ гæсгæ, рæнгъæй æрлæууун кодтонцæ 19-аг мотоæхсæг дивизий фæзи. Тугъд тугъд æй. Цийни гъуддаг нæй, фал æфсæддон рæнгъи сæхе игъæлдзæгхуз дардтонцæ – уомæй, æвæдзи, зæрдитæ æвардтонцæ, ка сæ фæндараст кодта, уонæн, гъома, мацæбæл тухсетæ, тагъд уæмæ сæрæгасæй æма уæлахезонæй зиндзинан, зæгъгæ.

Хуæрзконд æма гурведауцæ тугъдонтæн нæ республики Сæргълæууæг сæрустурæй загъта:

– Сумах айтæ, бæгъатæрдзийнадæ ке дадзинтти æхседуй, уæхæн фæсевæд. Нæлгоймаги ихæс айдагъ хæдзарæ исаразун æма бийнонтæ дарун нæй, фал ма Фидибæстæ гъæуай кæнун дæр. Кæддæр уæ хестæртæ æнгомæй кæрæдзей фарсмæ æрбалæугæй, рæстуодæй æма нифсгунæй цудæнцæ нæ Райгурæн бæстæ цифуддæр знагæй багъæуай кæнунмæ. Етæ сæхе нæ бафæсвæд кодтонцæ, нæ баримахстонцæ, Фидибæстæ сæ фæдеси ку байагурдта, уæд. Мах си абони дæр сæрустур ан. Сæрустурæй сæ имисæн, кадæ син кæнæн сæ рохс нæмттæн. Сумах уони фæдонтæ айтæ, æма уæ нæ агъаз кæми гъæуа, уоми уин нифсæнцойнæ уодзинан. Кадæбæл хуæст адтæнцæ уæ хестæртæ фидæй-фуртмæ, æма ни федарæй æруагæс кæнуй, еци кадæ æма намуси аккаг сумах дæр уодзинайтæ, е. Уасгерги æма уин нæ Иристони изæдтæ агъазгæнæг уæнтæ.

Кæд цийни бони мадзал нæ адтæй, уæддæр æфсæддон хаййи фæзæбæл фæндури зæлтæ дæр райгъустæнцæ. Ниййерæг мадтæлтæй кадæртæ сæ хъæболти хæццæ тумбул кафти æрзилдæнцæ. Уой фæсте тугъдонтæ хуæдтæхæги исбадтæнцæ. Фиццагидæр бал сæ фæлластонцæ Хъирими полигонмæ, цалдæр боней дæргъи син уоми арæзт цæудзæнæй цæттæгæнæн ахуртæ, уой фæсте æрвист æрцæудзæнæнцæ сæрмагонд æфсæддон операци кæми цæуй, уордæмæ.



# ЦИТГИЙНАГ ÆМА УАРЗОН ДÆ ДЗИЛЛÆН, АХУРГÆНÆГ!..

Сугъзæрийнæ, бæркадхæссæг фæззæг... Адæймаг уалдзæги царддæттæг хуари нæмгутæ байтауй, фæззæги ба си гъæздуг тиллæг исесуй.

Ахургæнæги дæсниадæ дæр æдзæстхезæй уой хæццæ ес рабарæн. Уæхæн адæймаг, æвæдзи, нæййес, æма æ ахургæнгути, уæлдайдæр ба æ фиццаг ахургæнæги боз æма арфиагæй ка нæ гъуди кæнуй.

Ахургæнæг зонундзийнæдти æма рæстуоди бæркади нæмугæй ке байтауй ахурдзаути зæрдити, уони тиллæгæй аразгæ 'й нæ адæми, нæ бæсти фарнæ, æ исонибон. Скъола сувæллæнттæн исуй сæ райгурæн хæдзари хузæн, æма си къонай гъар балæдæрунцæ ахургæнæгæй. Уомæ гæсгæ хумæтæги нæ рауадæй уотæ, анзи рæсугъддæр афæнттæй еуеми – октябри - ахургæнæги Еугурдуйнеуон бон ке бæрæг кæнæн, е.

Айдагъдæр, æнзти сæрти рахезгæй, балæдæрæн, цæйбæрцæбæл агъазиау хъаурæ исхарз кæнуй ахургæнæг, цæмæй æхсæнадæн, бæстæн аккаг хъæболтæ багъомбæл кæна. Уой фæдбæл берæ зæрдиаг зæгъдтитæ райгъустæй, бæрæгбони кадæн нæ республики еугур рауæнти дæр ци берæ аллихузон мадзæлттæ арæзт æрцудæй, уоми. Сæ сæйрагдæр ба Цæгат Иристони разамунди хъæппæресæй рацудæй Дзæуæгигъæуи. Уой туххæй æрмæг кæсетæ 8-аг фарсбæл.

## АХСГИАГ ЦАУТÆ



### НÆ ФИДИБÆСТИ НАМУС – ÆНОСОН

Октябри райдайæни бæрæггонд цæунцæ дууæ ахсгиаг цауи.

Уæрæсей зæрдæбæлдарæн бæнтти нимæдзи 9 октябрь нимад цæуй Кавказбæл тохи рæстæг советон æфсæдтæ немуцаг-фашистон æрбалæборæг æрдонгти ниддæрæн кæнуни Бонбæл. Еци тох цудæй 442 бони (1942 анзи 25 июлæй ба 1943 анзи 9 октябри уæнгæ) æма советон æфсæдти уæлахез æ ахедундзийнадæмæ гæсгæ нимад цæуй Устур Фидибæстон тугъди агъазиаудæртæй еуебæл.

Иннæ цау – фондз анзей размæ, 2007 анзи 8 октябри Дзæуæгигъæуæн Уæрæсей Президенти Указæй аккаггонд æрцудæй кадгин ном «Æфсæддон намуси сахар».

Аци цаути фæдбæл æрмæг кæсетæ 4-5-аг фæрстæбæл.

## НОМЕРÆН



### ÆНОВУДÆЙ УАРЗТА ИРИСТОН

Уотæ æдзæстхезæй зæгъун æнгъезуй Иристони номдзуддæр лæгтæй еу, Цæликкати Тембулати фурт Ахмæти туххæй. Искурдиадæгин финсæг æма критик, зундгонд æхсæнадон архайæг, е рæстуодæй уарзта æ райгурæн Иристон, уодуæлдайæй ин лæггадæ кодта, берæ хуæрзти ин бацудæй. Æрæги, 26 сентябри æ райгурдбæл исæнхæст æй авдинсæй анзи (1882-1928). Уой фæдбæл абони нæ газети (6-7-аг фæрстæбæл) мухур кæнæн Цæликкати Ахмæти финст радзурдтæ.

***Петр ПАВЛЕНКО (1899-1951), финсæг: «Фидибæстæ æновуддæрæй уарзуй, æ тæккæ уæззаудæр уавæрти æ сæрбæлтау тæккæ уæззаудæр гъуддæгутæ æнхæст кæнунмæ ка февналуй, е...» Аци гъуди раст ке 'й, е рабæрæг æй абони дæр – кæддæри «патриоттæй» беретæ Уæрæсейæй ку фæлледзæги 'нцæ, уæд...***



# НÆ УÆРÆСЕЙ, НÆ АДÆМИ, НÆ КÆСТÆРТИ РАЙДЗАСТ ИСОНИБОНИ СÆРБÆЛТАУ!..

*«…Нæ карнæ æма истори нæмæ ци тохи будурмæ фæдздзурдта, е æй нæ адæми, агъазиау историон Уæрæсей сæрбæлтау… Нæ исонибони фæлтæрти сæрбæлтау мах ихæсгин ан уони багъæуай кæнун цагъаркæнуйнадæй, æбуалгъ фæлварæнтæй, кæцитæ арæзт цæунцæ, цæмæй син сæ хелæдæрундзийнадæ æма уодтæ ниссахъат кæнонцæ.*

*Абони мах тох кæнæн, цæмæй макæд маке сæри бал фæззинна, Уæрæсе, адæм, не 'взаг, нæ культурæ историйæй раханхæгæнæн ес, зæгъгæ, æрра фæндæ. Абони мах гъæуй еугур æхсæнади æмбурддзийнадæ æма айдагъдæр нæ уæхæн æнгомдзийнадæ æй бундор хуæдбарæдзийнадæн, сæребарæн, исфæлдистадæн, рæстдзийнадæн. Нæ хæзнатæ – адæймагуарзондзийнадæ, уодибæстæдзийнадæ æма тæрегъæд…»*

*Аци гъудитæ Уæрæсей Федераций Президент* ***Владимир Путин*** *загъта, æрæги Уæрæсебæл нæуæг хæйттæ – Донецки æма Лугански адæмон республикитæ, Запорожий æма Херсони облæсттæ – ке 'рбафтудæнцæ, уой фæдбæл æрæги Кремли ци цитгингæнæн мадзал арæзт æрцудæй, уоми æ радзубандий.*

*Имисгæ ба сæ уомæ гæсгæ æркодтан, æма, фиццагидæр, Владимир Путинбæл 7 октябри исæнхæст æй дæс æма æртинсæй анзи, уонæй ба дууæ æма инсæй анзи нæ паддзахади сæргъи уогæй, еузæрдиуонæй архайуй, цæмæй, мæнæ ци ахсгиаг нисанти кой ракодта, етæ æнæгъæнæй дæр бантæсонцæ æма нæ Фидибæстæ исуа тухгин, фæрнæйдзаг, æнæзæрдæхсайгæй ирæза æма цæуа æ зæрдæмæдзæугæдæр исонибонмæ.*

*Еци гъуддаги нерæнгæ ци бантæстæй æма ма æнæмæнгæ исаразун ци гъæуй, уобæл нуртæккæ нæ дзордзинан – уони адæм сæхуæдтæ дæр уинунцæ æма зонунцæ. Фал уин уæддæр уæ зæрдæбæл ба æрлæуун кæндзинан, Уæрæсебæл нæуæг хæйттæ æрбайеу кæнуни фæдбæл Кремли цитгингæнæн мадзали æ радзубандий ци гъудитæ загъта, уонæй цалдæрей.*

Уæрæсей Федераций Президент Владимир Путин æма Донецкаг, Луганскаг Адæмон республикити, Херсони æма Запорожий облæстти сæргълæугутæ бафинстонцæ, регионтæ Уæрæсей Федераций искондмæ бахæссуни туххæй бадзурдтæ.

Гъуддаг конд æрцудæй Мæскуй, Кремли Устур Галауани Георгиаг зали, майрæнбони. Документ бафинсуни размæ Президент радзубанди кодта аци фæзуæттæ Уæрæсейаг искондмæ бахæссуни туххæй.

Донецки æма Лугански адæмон республикитæ, Херсони æма Запорожий облæстти ци референдумтæ арæзт æрцудæй, уони хатдзæгтæмæ гæсгæ уонæми цæрæг дзиллитæ æмвæндæй исарази 'нцæ Уæрæсей хæццæ байеу кæнуни унбæл. Уой фæдбæл Владимир Путин загъта:

– Е æй адæми æнæфæццохгæнгæ барæ, кæци æнцайуй, Недзамайнаг Урус райдайæнæй æма æности дæргъи аразта æма гъæуай кодта Уæрæсе, нæ фидтæлти фæлтæртæ ке сæрбæлтау уæлахез кодтонцæ, еци историон еудзийнади бундорбæл.

## СÆ АРХАЙД АДТÆЙ ФИДИБÆСТИ СÆРБÆЛТАУ

Ами, Нæуæг Уæрæсей тох кодтонцæ Румянцев æма Ушаков, нæуæг сахартæ си аразтонцæ Екатеринæ II æма Потемкин. Ами мæлæт райсуни уæнгæ лæудтæнцæ нæ бабатæ Устур Фидибæстон тугъди рæстæг. Мах алкæддæр имисдзинан «уруссаг уалдзæг»-и бæгъатæрти, 2014 анзи Украини неонацистон паддзахадон фæффæлхатæни хæццæ ка нæ исарази 'й, æ маддæлон æвзагбæл дзоруни бари, æ културæ, е 'гъдæуттæ, æ дин, æ цæруни барæ багъæуай кæнуни сæрбæлтау ка фæммард æй, уони еугурей дæр. Етæ 'нцæ Донбасси тугъдонтæ, «одессаг Хатыни» уодхайрæгтæ, киеваг режим ци æгъатир теракттæ исаразта, уони амæттæгтæ. Етæ 'нцæ бархе æфсæддонтæ æма хуæдæфсæддонтæ, сабурцæрæг адæм, сувæллæнттæ, силгоймæгтæ, зæрæндтæ, уруссæгтæ, украинæгтæ, аллихузон адæмихæттити минæвæрттæ…

## ДУЙНЕЙÆН ÆЛДАРЕУÆГ КÆНУНМÆ БÆЛЛУН ФУДВÆНДАГ ÆЙ

Дуйней æлдареуæг кæнунмæ ка тундзуй, етæ 'й федарæй балæдæрæнтæ: уæхæн фæндитæ мах туххæй кæмæдæриддæр адтæй, уонæн сæ бæлдитæ еу æма дууæ хатти нæ ниппурхæ 'нцæ нæ адæми бæгъатæрдзийнадæ æма нифсхастбæл. Нигулæн уотæ æнгъæл æй, æма ин алцидæр хатиргонд æрцæудзæнæй. Уæрæсе агъазиау æма цитгин бæстæ 'й, æма, уони куд фæндуй, уæхæн уагæвæрдбæл некæд æма нецихузи цæрдзæнæй.

## НИГУЛÆНИ ФУДВÆНДИТÆЙ НЕЦИ РАУАЙДЗÆНÆЙ

Абони мæ мæ радзубандий фæндуй сæрмагондæй æргом раздахун сæрмагонд тугъдон операций архайæг рæнгъон æфсæддонтæмæ æма афицертæмæ, Донбасси, Нæуæг Уæрæсей тугъдонтæмæ, хайон фæдздзурди фæдбæл Укази фæсте Гæрзефтонг Тухти рæнгъити ка 'рлæудзæнæй, æ патриотон ихæс æнхæст кæнгæй, æхе зæрдифæндонæй ка цæуй æфсæддон комиссариаттæмæ, уонæмæ. Æргом æздахун сæ нийййергутæмæ дæр, цардæмбæлттæмæ дæр, сувæллæнттæмæ дæр. Фæндуй мæ зæгъун, абони нæ адæм цæй сæрбæлтау тох кæнуй, нæ нихмæ циуавæр знаг лæууй, дуйне нæуæг тугъдтити æма фудбæлæхти ка гæлдзуй, еци гъезæмайрæгтæй сæхецæн сæ тогæйдзаг пайдатæ есгæй. Не 'мбæстæгтæ, не 'нсувæртæ, æма хуæртæ Украини – нæ еумæйаг адæми тогæйхæстæг хай – сæхе цæститæй фæууидтонцæ, Нигулæн разамунддæттæг къуæрттæ еугур адæмтæн дæр æнæгъæнæй цитæ цæттæ кæнунцæ, уони. Сæ цæсгонбæл ци римæхсæн къимбустæ адтæй, уони рагæлстонцæ. Нигулæн уотæ æнгъалдта, æма 1991 анзи фæсте исуодзæнæй еугур дуйнейæн дæр унаффæгæнæг, Советон Цæдеси фехалди хæццæ Уæрæсе дæр æ кеми нæбал æрцæудзæнæй. Фал æ уæхæн бæлдитæй фæффудевгед æй, берæ зиндзийнæдтæ бавзаргæй, Уæрæсе æхебæл исхуæстæй æма бабæй дуйней медæгæ æрахæста аккаг бунат. Гъе уомæ гæсгæ Нигулæн тингун кæнуй, архайуй нæ нихмæ фудракæндтитæ аразунбæл, фал ин си неци рауайдзæнæй. Мах ба гъæуама федарæй лæдæрæн еу гъуддаг. Уони Уæрæсе æгириддæр некæми гъæуй – е мах гъæуй!..

## «ЦÆГАТАГ ГУЛФÆНИ» ИСРÆМУГЪДТИТÆ – НÆ НИГУЛÆЙНАГ ÆДЗÆСТУАРЗОНТИ ФУДРАКÆНДÆ

Англосакстæ фæстаг цалдæр анзей дæргъи нæ бæсти нихмæ ци санкцитæ æма æндæр æдзæсгон миутæ аразунцæ, етæ сæмæ фагæ нæ кæсунцæ æма комкоммæ диверсион миутæмæ рахизтæнцæ. Уомæн еу бæлвурд æвдесæн иссæй «Цæгатаг гулфæн»-и тагæ исрæмодзуни хабар. Еци æверхъаудзийнадæ нæ нигулæйнаг æдзæстуарзонти фудракæндæ ке 'й, уой айдагъ мах нæ зæгъæн, фал ибæл Нигулæни æхеми дæр басастæнцæ.

## «МÆСУНДЗÆГИ БАРТÆ» СИН НÆ ФÆЙЙАГЪАЗ УОДЗÆНÆНЦÆ

Америки Еугонд Штатти диктаторон зундирахастбæл хуæст разамундæн сæ сæйрагдæр мадзал иссæй «Мæсундзæги бартæ» – гъома, тумбулкъохи фæрци архайун. Еци мадзал кæми хъæбæр рæсугъд цъæртти, кæми ба æгириддæр нецæми тухт фæууй. Фал æ медес еу æй – тумбулкъохи фæрци хе гъуддæгутæ хе сæри зундмæ гæсгæ аразун, ка нæ арази кæна сæ хæццæ, уонæн ба... Аци паддзахæдти нихмæ рацæун кенæ сæ фæндити нихмæ ка бандеуа, уони ба се 'знæгти хигъдмæ бахæссунцæ æма фудмиутæ аразунæй сæбæл нæ ауæрдунцæ.

## АДÆМТИ ТУХСТДЗИЙНАДÆЙ ДÆР СÆХЕЦÆН ПАЙДА КÆНУНЦÆ

Зæгъун гъæуй уой, æма нигулæйнаг элититæ нæ фæндæ кæнунцæ дуйнеуон хуаллаги къурцдзæвæнæй рацæуни туххæй нæдтæ агорун. Уотемæй ба еци фудрун уонæн сæхе фудæй æрцудæй дуйней берæ паддзахæдти адæмтæбæл, уой дæр, Уæрæсе сæрмагонд тугъдон операци Украини ку райдæдта, уомæй берæ раздæр.

Мæнæ нур дæр тиллæг ласт цæуй Украинæй. Кумæ цæуй «дуйней мæгурдæр бæстити хуæлцадон æдасдзийнадæ багъæуай кæнуни» рæуонæй? Кумæ цæуй? Цæуй еци европаг паддзахæдтæмæ. Уоми айдагъдæр фондз процентти рандæй дуйней мæгурдæр бæститæмæ.

## РÆСТДЗИЙНАДИ СÆРБÆЛТАУ АРХАЙУНÆЙ ДУЙНЕЙ РАЗМÆ БÆРНОН АН...

Абони нæ нихмæлæууæг нигулæйнаг паддзахæдти разамунд, цæмæй нихмæвæрддзийнæдти къубулойнæй фæууæгъдæ уонцæ, уой туххæй сæ тæлæнтæ хæссунцæ, цидæриддæр гæнæн æма амал ес, уомæй Уæрæсей дæр, æма, райрæзти хуæдбарæ над ка равзурста, еци паддзахæдти æрсæттунбæл, цæмæй фулдæр æстъегъонцæ, сæ гъæздугдзийнæдтæ син сæхердигæй фæккæнонцæ æма уой фæрци сæ цардиуаги «цъæсгитæ» нихгæнонцæ, сæ экономики æскъудтитæ си бампъозонцæ. Е син ку нæ бантæса, уæд, уæн ес, æма багъавдзæнæнцæ системæ коллапсмæ 'ркæнунмæ, æма алцидæр уой фуд фæккæндзæнæнцæ, кенæ ба, Хуцау ма зæгъæд, испайда кæндзæнæнцæ, «тугъд алцидæр исфинсдзæнæй», зæгъгæ, рæуонæй. Уæрæсе лæдæруй æ бæрнондзийнадæ дуйнеуон æмæхсæнади размæ æма алцидæр исараздзæнæй еци «цæфсгæ-содзгæ» сæртæ сæ кеми æрцæуун кæнунæн...

**Кизгутти Æхсæндуйнеуон бон бæрæггонд цæудзæнæй 11 октябри. Æ нисан – кизгуттæн алкæмидæр гъæуама уа равгитæ адæймагон бартæй æнæгъæнæй дæр пайда кæнунæн ...**

***Ниййерæги æхца бафедунæн 2023 анзи лæвæрд æрцæудзæнæй 550 миллиард сомемæй уæлæмæ. Уæрæсей фæллойнæ æма социалон гъæуайкæнуйнади министр Антон КОТЯКОВ загъдмæ гæскгæ, ниййерæги æхца 12,4% индексаци искæнуни фæрци е фиццаг сувæллонæн рауайдзæнæй 589,5 мин соми, дуккагæн ба – 779 мин соми.***





# ÆНГЪÆЛМÆГÆСÆГ УÆГÆ НÆ КÆНУЙ...

ÆРÆГИ нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** фембалдæй уæхæн тухст адæми хæццæ Хецауади Хæдзари. Ауæхæн фембæлдтитæ аразуни фæткæ иссæй еудадзугон. Æма амæй размæ, уотæ нур дæр нæ республики Сæргълæууæгмæ агъазагор фулдæр цудæнцæ, е ‘нæнездзийнадæ гъигæдард кæмæн æй, инвалид уогæй, æ бон лæвар хуастæ райсун, реабилитаци æма нæ бæсти æндæр сахарти зундгонд медицинон центртæмæ рандæун ке фадуат нæ амонуй, уæхæн фæккæсунгъæуагæ сæйгитæ. Аци фарстати фæдбæл нæ республики Хецауади Сæрдари хуæдæййевæг **Александр Реутов** куд радзурдта, уотемæй сæйгитæн нæ республики Сæргълæууæги фæстауæрцон фондæй дехгонд æрцæудзæнæй æхцай фæрæзнитæ медицинон центртæмæ рандæунæн, уæдта лæвар хуастæ есунæн.

Мæздæги райони, гъæу Предгорныйи цæрæг пенсиесæг **Хожахмат Ибрагимов** ба гъаст кодта амбулатори сæмæ ке нæййес, уомæй, уæдта электрон тухæдæттæн системæ гъæуи хузæнон ке нæ косуй, æма фулдæр хатт адæм æнæ рохсæй байзайунцæ:

– Нæ гъæумæ 2003 анзæй фæстæмæ фæккæсæг нæййес. Некæд нæмæ неке ‘рцудæй нæ республики Хецауадæй дæр æма цæстуарзонæй не ‘ркастæй нæ уавæртæмæ. Ци амбулатори нæмæ адтæй, е басугъдæй. Æнæ медицинон агъазæй байзадан. Уомæй уæлдай нæййес хузæнон над гъæумæ, æма нæ устур таси æфтауй обауи асæ лæсæн. Кæд ратондзæнæй, е бæрæг нæй.

Аци гъæуи цæргутæн ма сагъæссаг æнцæ никкидæр цалдæр социалон фарстай. Уæлдайдæр ба – Хожахмат Ибрагимов куд загъта, уотемæй сæ гъæу æма сæ синхаг гъæу Малый Малгобек æндæр рауæнмæ раййевун гъæуй – нур кæми ‘нцæ, еци рауæнтæн тæссаг æй сæ алфамбулай обаугæндтæй æрбурæнтæй.

Уой фæдбæл Сергей Меняйло куд загъта, уотемæй æнцон исаразæн нæй, фал имæ уæддæр æркæсдзæнæнцæ.

Нæ республики архитектурæ æма арæзтади министр **Моргуати Константин** Сергей Меняйлойæн радзурдта, гъæу Предгорныйи амбулатори исаразунæн зæнхи хай æма подрядчикки ке исбæлвурд кодтонцæ, æма 2023 анзи паддзахадон программи бундорбæл арæзт æрцæудзæнæй амбулатори еугур гъæугæ нæуæг медицинон ефтонггæрзтæ æма техники хæццæ. Аци гъуддаг исæнхæст кæнунæн федералон æма республикон бюджетæй æхцай фæрæзнитæ дехгонд æрцудæй 25 265 590,00 соми.

Уой хæццæ ба Сергей Меняйло зæрдæ байвардта, рæхги ке бабæрæг кæндзæнæй аци дууæ гъæуи дæр æма æхуæдæг бæлвурдæй æркæсдзæнæй еугур фарстатæмæ дæр.

Гъæу Комсомольскийи æма Змейки станици астæуккаг скъолати ахургæнгутæ ба курдтонцæ се скъолатæ исцалцæг кæнунæн син фæййагъаз кæнун. Æма нæ республики ахурадæ æма науки министр **Алибегти Эллæ** куд радзурдта, уотемæй федералон программæ «Ахуради ирæзт»-и бундорбæл цалцæги куститæ цæунцæ нæ республики 44 скъолайеми.

– Комсомольскийи æма Змейки скъолатæ хаст æрцудæнцæ проектмæ, æма 2023 анзи райдайдзинан аци объекттæ дæр бундоронæй цалцæг кæнун. Комсомольскийи астæуккаг скъолай цалцæгæн нин федералон бюджет радех кодта æхцай фæрæзнитæ 18 190,44 мин соми, Змейки скъолайæн ба – 56 188, 69 мин соми.

Нæ республики Сæргълæууæгæй курдтонцæ, Хъизлари спортивон комплекс æма Дзæуæгигъæуи шахмæтти клуб райаразун дæр. Уомæй уæлдай, фембæлди дзубанди цудæй, Дзæуæгигъæуи историон хæзнатæбæл дæр. Елуати Станислав республики Сæргълæууæгæй курдта, Титови гъæунги ма Дзæуæгигъæуи рагон федарæй ци фарс байзадæй, е моргай æгъзæлуй, æма ‘й багъæуай кæнун гъæуй куд историон циртдзæвæн, уотæ. Аци фарстай фæдбæл культурон хæзнатæ æма объекттæ багъæуай кæнуни Комитети сæрдар **Гæлуати Ацæмæз** куд радзурдта, уотемæй «Ирон адæми национ-культурон ирæзт»-и паддзахадон программи ихæстæ 2021-2025 æнзти исæнхæст кæнунæн æхцай фæрæзнитæ дехгонд æрцудæй 20 925 000 соми. Уой хæццæ ба ма загъта:

– Комитет бакуста наукон-проектон хæрзтæбæл, реставрацион куститæ бакæнунбæл. Рагон федари фарс реставраци искæндзæнæй Æнæнхæст бæрнондзийнади æхсæнадæ «Скифос-РСК», æ сæргъи – дæсни реставратор **Петр Павлов**. Цæгат Иристони Сæргълæууæг Сергей Меняйлой хæццæ фембæлдмæ ка ‘рбацудæй, уонæн республики Сæргълæууæг зæрдæ байвардта, сæ фарстатæмæ лæмбунæг ке ‘ркæсдзæнæнцæ, гæнæн æма амал си кæмæн уа, етæ æнхæстгонд ке ‘рцæудзæнæнцæ, уомæй.

Æма уомæй дæр, агъазгъæуагæ ка ‘й, етæ нифсгундæр кæнунцæ… Куд фæззæгъунцæ, æнгъæлмæгæсæг æнгъæлмæ кæсунæй уæгæ нæ кæнуй.

## ЗУНДИ ХÆЗНА ЗУНДГИН АДÆММÆ АГОРÆ!..



*Номдзуд рагонбердзейнаг зундилæг Эзопи финст æмбесæндтæй еуеми дзубанди цæуй, хуæрзæмбæлттæбæл ке нимадтонцæ, уæхæн дууæ лæхъуæней туххæй. Кæддæр етæ надбæл куд цудæнцæ, уотемæй æнайæнойти сæ размæ фæцæй арс. Лæхъуæнтæй еу уайтæккæддæр бæласæмæ исбурдæй æма уой цъоппи æхе æрримахста. Иннемæн ба раледзуни фадуат нæ фæцæй æма зæнхæбæл фæддæлгоммæ æй, æхе мæрдæнгас ракодта. Арс имæ бацудæй, басмуститæ имæ кодта – лæхъуæн æ уолæфт бауорæдта, уомæн æма, дан, еци сирд мæрдтæмæ не ‘вналуй.*

*Арс рандæй. Бæласæбæл ка бадтæй, е æрхизтæй æма е ‘мбали фæрсуй, арс дин дæ гъоси ци дзурдта, зæгъгæ. Лæг ин равардта дзуапп:*

*– Арс мин загъта: унгæги рæстæг, дан, дæ еунæгæй ка ниууадза, уæхæн æмбæлтти хæццæ балций ма цо...»*

***

Аци æмбесонди гъуди – зæрдæдарæн кæбæл ес кенæ ба нæййес, е тæссаг уавæрти рабæрæг уй – æцæг ке ‘й, уой мах, Уæрæсей дзиллæ, нæхебæл дæр бавзурстан. Нæ фæрци ка исбайлæгъ æй æма нин сæ хæлардзийнадæй ка сомитæ кодта, етæ, нæ бæстæ еуцæйбæрцæдæр зинтæ æвзарун ку райдæдта, уæд ни фæлледзæги ‘нцæ, сауæнгæ ма нæбæл гадзирахаттæй дæр рацудæнцæ – абони нæмæ знаги цæстæй ка кæсуй, уони хъозæнттæ фестадæнцæ... Уогæ уони барæ ес, баруагæс уи уæд, цæйбæрцæдæр рæстæг рацæудзæнæй, æма сæ еци миутæбæл æрфæсмон кæндзæнæнцæ... Сæйрагдæр ба ‘й – цума, амæй фæстæмæ фæззундгиндæр уодзинан æцæг, æууæндун кæбæл æнгъезуй, уæхæн лимæнтæ æма æмдзæуинтæ ‘взарунмæ?..



**Марк Туллий ЦИЦЕРОН, рагонромаг политик, финсæг: «Куд арф æнцæ, уогæ ба æдулидзийнади уедæгтæ...»**

Æма уотæ ке ‘й, е абони дæр æруагæс кæнуй, зæгъæн Украини нури бодзоти сæргъæн миутæй. Сæ æдулидзийнадæ ба е æй, æма кедæр ардудæй сæ бæстæ дæр æма сæ адæми дæр сæрисæфæнмæ тæрун ке байдæдтонцæ. Еци «раздзæугутæ» ма сæ кеми æрцæудзæнæнцæ, уобæл, æвæдзи, уоййасæбæл зæрдæдарæн нæййес, фал кæдимайди ба еци тæрегъæддаг бæсти дзиллæ æрæскъетиуонцæ æма си сæ ервæзунгæнæг рæстадæ фæуууæлахез уидæ.



**ПИНДАР, рагонбердзейнаг поэт: «Паддзахади æнæсæтгæ, федар бундор – рæстдзийнадæ...»**

Уæрæсе ци сæрмагонд тугъдон операци æнхæст кæнуй, е дæр фиццагидæр рæстдзийнади сæрбæлтау æй, цæмæй уотемæй багъæуай кæна æ бундор, æ хуæдбарæдзийнадæ. Нæ Фидибæсти нæ уæхæн разæнгарддзийнадæ нæ цæуй знаггадæ нин хæссæг паддзахæдти зæрдæмæ, æма нæ нихмæ алли фудмиутæ аразунцæ. Фал, баруагæс си уæд, цийфæнди ку фæккæнонцæ, уæддæр мах уодзинан уæлахезон!



**ПЛУТАРХ, рагонбердзейнаг поэт æма историк: «Æхсарæ – уæлахези райдайæн...»**

Аци загъди æцæгдзийнадæ бæлвурд æй, нæ фидтæлтæ Устур Фидибæстон тугъди рæстæг цæйбæрцæбæл агъазиау æхсарæ бавдистонцæ æма уæлахезонæй ниддæрæн кодтонцæ фашистон Германи æма уой хъозæнтти. Е бæлвурд æй, абони уæрæсейаг æфсæддонтæ Украини сæрмагонд тугъдон мадзали архайгæй цæйбæрцæбæл агъазиау æхсарæ ‘вдесунцæ, уомæй дæр. Æма ни федарæй æруагæс кæнуй, етæ дæр æнæмæнгæ уæлахезон ке уодзæнæнцæ, е. Мах ба син Хуцауæй корæн, цæмæй нæмæ сæрæгасæй исæздæхонцæ...

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

# ТАСДЗИЙНАДÆ ДÆР Æ РАУÆНИ ЗУНДИ НИСАН ÆЙ?..

*Аци рæстæгути æнæууæнкæ уавæрти адæймаг берæ цæбæлдæрти расагъæс кæнуй, уæлдайдæр ци куд хуæздæр исараза, цæмæй æ исонибон зæрдæмæдзæугæдæр уа. Еци гъуддаг ба уоййасæбæл æнцонтæй райаразæн нæй, уомæн æма æгæр берæ ’нцæ хъоргæнæг фадуæттæ. Нури уавæрти уæ сæйрагдæр тасдзийнæдтæ цæй фæдбæл æнцæ, зæгъгæ, дзиллон цæстингас æртасгутæ бафарстонцæ, косгæ ка кæнуй, еци уæрæсейæгти æма уони дзуæппитæ искодтонцæ мæнæ ауæхæн хатдзæгтæ:*



**Неци тасдзийнæдтæ мæмæ ес – 56%**

**Мæ кустæй фенæхай ун – 13%**

**Æдзæлгъадæдзийнадæ, карæмæ гæсгæ æфхуæрд, разамунди фæливддзийнадæ æма æндæртæ – 8%**

**Мизд нæ федун кенæ ба ’й афойнадбæл нæ федун – 4%**

**Аккаг хузи æнаргъгондæй райзайун – 4%**

**Разамунди тасдзийнадæ кустуат нихгæнунæй – 4%**

**Нæййес равгитæ кусти ирæзунæн, кенæ мизд фæффулдæр унæн – 3%**

**Ихæстæ æнхæст кæнунмæ нæ исарæхсун – 2%**

**Æндæр цидæртæ – 9%**

*Нæ рагфидтæлтæ куд дзориуонцæ, уотемæй тæрсун дæр æ рауæни зунди нисан æй. Уомæй, æвæдзи, уой зæгъуйнаг адтæнцæ, æма, дæ царди дæ ци бахъор кæна, уомæй ку тæрсай, уæддæр дæмæ гъæуама зунд разинна, цæмæй уавæртæй тухгиндæр разиннай æма исарæхсай уонæбæл фæууæлахез унмæ, дæ карни гъуддæгутæ дæ зæрди фæндон райаразунмæ.*

**Æнæхæдзаргинти Еугурдуйнеуон бонбæл нимад цæуй 10 октябрь. Бæрæгбон æй исхонæн нæййес, фал еци тæрегъæдтæн фæййагъаз кæнун ба хуарз равгæ ‘й.**

*«Не ‘нсувæртæ, нæ бæгъатæр еубæстонтæ, ... рацотæ мæлæтдзаг тохмæ! Цæветæ, цæгъдетæ, исафетæ нæ цифуддæр знæгти, немуцаг æрдонгти!..» 1941 анзи августи Цæгат Кавкази адæмти антифашистон митинги архайгути аци фæдздзурдæн Иристони дзиллæ равардтонцæ аккагæй-аккагдæр дзуапп: Устур Фидибæстон*




# АДÆМИ ФАРНÆ БЕРÆ ÆЙ

УСТУР Фидибæстон тугъди тæккæ уæззаудæр рæстæги, 1942 анзи сæрди кæрон немуцаг-фашистон æрдонгтæ æрбайервазтæнцæ Дзæуæгигъæуи рæбунмæ. Сæ зæрди адтæй еци-еу цæфæй нæ республики сæйраг сахар байахæссун. Еци ихæс хумæтæги нæ нимадтонцæ сæхецæн уæлдай ахсгиагбæл. Сæ фæндæ ку фæррæстмæ адтайдæ, уæд син фæцайдæ фадуат Фæскавказмæ бахезунæн.

Цæгат Иристони еугур дзиллитæ дæр, раст тумбул къохи хузæн, æрбайеу æнцæ еци тæссаг уавæрти, хъæбæр нифсгунæй æрлæудтæнцæ знаги нихмæ, еци разæнгардæй архайдтонцæ, умæн æма ’й лæдæрдтæнцæ, сæ фидтæлтиккон зæнхæ цъамар æрбалæборæг æрдонгтæй искæдзос кæнгæй, етæ ке архайунцæ нæ еумæйаг Райгурæн бæсти сæребарæ æма хуæдбарæдзийнадæ багъæуай кæнуни сæрбæлтау. Æма советон адæми тугъдон намусбæл сæ намуси хай æфтаугæй, республики фæллойнæгæнгутæй тохæндзаумау райсун æ бон кæмæн адтæй, етæ цудæнцæ фронтмæ, иннæ адæм ба фæскъилдуни уогæй, нæ аурстонцæ сæ хъауритæбæл, цидæриддæр сæ бон адтæй, уомæй фронтæн агъаз кодтонцæ.

## ФРОНТÆН АГЪАЗ КОДТОНЦÆ УОДУÆЛДАЙÆЙ

Беретæ си архайдтонцæ гъæуайкæнуйнадон гъуддæгути, знаги хъозæнттæй æма Фидибæстæбæл гадзирахаттæй рацæугутæй фæскъилдуни ка архайдта, уони нихмæ тох кодтонцæ кунæггæнæг батальонти, партизанти къуæртти рæнгъити.

1941 анзи октябри арæзт æрцудæй Гъæуайкæнуйнади Дзæуæгигъæуи комитет. Е æхемæ райста Цæгат Иристони АССР-и хецаудзийнади еугур бартæ дæр. Еци Комитет, тугъдон уавæрмæ гæсгæ цидæриддæр тухтæ æма гæнæнтæ мобилизацигонд æрцудайуонцæ, уони еугурæйдæр бангом кодта, цæмæй намусгин Сурх Æфсади хæйтти хæццæ æмархайдæй знаг уорæд æрцудайдæ æма Арвикоми надмæ, уордигæй ба Грозна æма ’й Бакуй нефтмæ нæ бауадзуни туххæй.

Еци тузмæг бæнтти республики цæргутæ – силгоймæгтæ, æд кæстæр æма æд зæронд – равдистонцæ сæ федар уодиконд, устур патриотизм. Æхсæвæй-бонæй етæ еци хъазауатонæй, косæг къох кæмидæриддæр гъудæй, уоми, фронтæн агъаз кодтонцæ, цидæриддæр гъудæй, уомæй.

1941 анзи 20 октябри гъæуайкæнуйнади паддзахадон Комитети унаффæмæ гæсгæ, Дзæуæгигъæуи комитет æнæмæнгæ исаразуйнаг гъуддагбæл банимадта республики арæнтæй 250 километри æндæдæр, цæугæдæнттæ Малкæ æма Терки билтæбæл гъæу Урожайнойæй ба Кировигъæуи уæнгæ, æ дæргъæ 53 километри кæмæн адтайдæ, уæхæн гъæуайгæнæн рубеж исаразун. Е адтæй 5-аг арæзтадон район.

1941 анзи 28 октябри гъæуайкæнуйнадон ханхæ аразунмæ рацудæй, дæс мин адæймаги кæми адтæй, уæхæн фиццаг эшелон, фæстæдæр ба ма сæбæл бафтудæй никкидæр адæм. Æдеугурæй ба еци арæзтади Цæгат Иристонæй архайдта æвддæс мин адæймагей бæрцæ.

## ЕУЗÆРДИУОН АДТÆНЦÆ ЕУГУР АДÆМТИ МИНÆВÆРТТÆ

Гъæуайкæнуйнади Комитети унаффæмæ гæсгæ будуйрон арæзтади хецауæй нисангонд æрцудæй республики Адæмон Комиссарти Совети сæрдари хуæдæййевæг Зæгъойти Н.

Фиццаг ханхæ, 53 километри дæргъæн, арæзт фæцæй æмгъудæй раздæр. Фæллойнæгæнгутæ искалдтонцæ 1398502 кубометри зæнхæ.

Гъæуайкæнуйнадон фæрæзнити арæзтади уæлдай хъæбæрдæр фескъуæлхтæй фæсевæд. Фæскомцæдеси обкоми хъæппæресæй арæзт æрцудæй 250 хъазауатон фæскомцæдесонфæсевæдон бригади, алкæцидæр си зæнхæкъахæн кустити æ ихæслæвæрдтæ æнхæст кодта 150-200 процентæй, беретæн ба си бантæсидæ 200-300 процентей бæрцæ дæр. Уæлдай хъазауатондæртæн лæвæрд цудæй æхцай премитæ, цæугæ Сурх Туруса. Зæгъун гъæуй уой дæр, æма еци кустити усхъæй – усхъæмæ æмзæрдиуонæй архайдтонцæ алли нацити минæвæрттæ. Уони æнгом æмгустади фæрци Мæздæги бунмæ гъæуайкæнуйнадон рубеж аразуни гъуддаг æнтæстгинæй æнхæстгонд æрцудæй 1942 анзи 15 январмæ – Сурх Æфсадæн лæвæрд æрцудæй тухгин гъæуайкæнуйнадон бунат. Арæзт æрцудæй 64 дзоти, 15 артиллерион æма 7 минометон акъоппи, танкитæ бауорамæн къанæутти 34 километри, 31 мин кæнгæ эскарпæй фулдæр…

Гъæуайкæнуйнадон федаргæнæн фæрæзнитæ æнтæстгинæй арæзт цудæнцæ Цæгат Иристонæн æхе зæнхæбæл дæр. Зæгъæн, Елхоттæй Дзæуæгигъæуи уæнгæ арæзт æрцудæй 18 рæнгъей бæрцæ устур гъæуайкæнуйнадон бунæттæ. Айдагъ Ирæфи райони гъæуайкæнуйнади мадзæлттæ арæзт цудæнцæ кæрæдзей хæццæ баст цалдæр рæнгъемæй. Федаргонд æрцудæнцæ цæугæдон Ирæфи билгæрæнттæ. Иристони æма Кæсæг-Балхъари фæллойнæгæнгути еумæйаг хъауритæй арæзт æрцудæй 4 километрей дæргъæн тухгин гъæуайкæнуйнадон фæрæзнæ.

1942 анзи августи тæккæ райдайæни гъæуайкæнуйнади Дзæуæгигъæуи Комитет рахаста унаффæ Елхотти сæрмæ Æргинарæг, уæдта Дзæуæгигъæумæ бацæуæнтæ æвæстеуатæй исфедар кæнуни туххæй – исаразтонцæ командон пункт, баррикадитæ æма траншейтæ сахарæн æхе медæгæ дæр. Республики фæллойнæгæнгутæй уæлдай ма еци кустити архайдтонцæ ами æфсæддон училищей курсанттæ æма службæгæнгутæ. Тæккæ цубурдæр æмгъудмæ арæзт фæцæй танкити нихмæ 50 километрей дæргъæн тухгин гъæуайкæнуйнадон ханхæ, цудæй Дзиуаригъæубæл-Фиййагдонбæл-Æрхонкæбæл æма идарддæр Малгобеки уæнгæ.

Æ аразунмæ рацудæнцæ мингай адæмтæ, уони хæццæ 1500 фæскомцæдесони æма 4600 ба æнæцæдесон биццеу æма кизги. Исрæвдзæ кодтонцæ 40 километрей дæргъæн гъæуайкæнуйнадон ханхæ. Къахт æрцудæй 147 мин кубометремæй фулдæр уæззау мæрæ, танкити нихмæ арæзт æрцудæй 10 мин метрей дæргъæн къанæуттæ, авд мин метрей бæрцæ эскарптæ, баррикадитæ, аллихузон цæлхдортæ дууæ мин метремæй фулдæр. Уомæй идарддæр дæр ма арæзт æрцудæй фондз аэродроми.

## НÆ ДЗИЛЛÆ БАЦУДÆНЦÆ ЗНАГИ НИХМÆ КАРЗ ТОХИ

Минкъий фæстæдæр райдæдтонцæ сахари алфамбулай гъæуайкæнуйнадон ханхи дуккаг кезуй куститæ. Уонæми æдеугурæй архайдта 30 мин адæймагемæ хæстæг, етæ искалдтонцæ 200 мин кубометри уæззау мæрæ, искъахтонцæ танкити нихмæ 20 километрей дæргъæн къанау, исаразтонцæ сæдæгай дзоттæ æма доттæ. Стратегион ахедундзийнадæ адтæй æфцæги сæрти арæзт надæн дæр хуæнхти – Мæхчески районæй ба Арвикоми нади уæнгæ, æ дæргъæ сæдæ километрей бæрцæ.

Ихæслæвæрдтæ æмгъудæй раздæр æнхæстгонд ке ’рцудæнцæ æма фæллойнадон æскъуæлхтдзийнæдтæ ке бавдистонцæ, уой туххæй республики фæллойнæгæнгутæй уоми ка куста, уонæй беретæн исаккаг кодтонцæ устур хуæрзеугутæ, зæгъæн, 6-аг будуйрон арæзтади грамотитæ æма хъазар лæвæрттæ райстонцæ мин адæймагемæй фулдæр, 195 косæгемæн ба лæвæрд æрцудæй нæ республики Сæйраг Совети Президиуми Кади гæгъæдитæ.

Уæдмæ знаг æрбайервазтæй нæ Цæгат Иристонмæ дæр. Æма знаги æфсæдтæ Дзæуæгигъæуи рæбунтæмæ ку ’рбахъæрдтæнцæ, дзармадзантæй æй ку æхстонцæ, бомбитæ ибæл ку калдтонцæ, уæд бунæттон гъæуайкæнуйнадæ устур куст бакодта заводтæ, фабрикитæ, хедтæ, æфсæнвæндаги станцæ æма иннæ объекттæ багъæуай кæнунбæл. 1942 анзи уæлдæфон нимпурститæй гъæуайгæнæг штаббæл бафтудæнцæ



Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Цæгат Иристони зæнхæбæл немуцаг-фашистон æрбалæборæг æрдонгти нихмæ тугъдтити советон тугъдонтæ ци агъазиау бæгъатæрдзийнадæ бавдистонцæ, е нæ республики аллирауæнти æносонгонд æрцудæй, кадæ æма номерæни циртдзæвæнтæй. Уонæн сæ агъазиаудæртæй иссæй, «Барбашови будур», зæгъгæ, ке хонунцæ, еци мемориалон комплекс.

***тугъди фронтти знаги нихмæ тохи архайдта нæ республики алли фæндзæймаг адæймаг дæр, 1941-1945 æнзти Цæгат Иристонæй тохи будурмæ рандæй 90 мин адæймагей бæрцæ. Уонæн се ‘мбесæй фулдæр (45500 адæймаги) сæ цард равардтонцæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау. Берæ бийнонтæй – цалдæргæйттæй.***


Тугъдон намуси циртдзæвæн Мичуринигъæу æма Æрæдони æхсæн.


Циртдзæвæн бæгъатæр денгизонтæн станицæ Æрхонкæмæ хæстæг.

сæ ростоваг æмгустгæнгутæ дæр. Сентябри си адтæй 17 команди – 548 адæймаги. Беретæ райстонцæ паддзахадон хуæрзеугутæ.

Тугъди сауæнгæ æ тæккæ райдайæни Иристони районти арæзт æрцудæнцæ кунæггæнæг батальонтæ æма адæмон ополчений къуæрттæ. Алагири районы кунæггæнæг батальони адтæй 200 адæймаги, Промышленнон районы 2420 адæймагемæй арæзт æрцудæй æртæ кунæггæнæг батальони.

Фронт республики территоримæ ке æрбахъæрттæй (1942 анзи 15 августи), уомæ гæсгæ Дзæуæгигъæуи Гъæуайкæнуйнади Комитети унаффæмæ гæсгæ Цæгат Иристони кунæггæнæг батальони 800 адæймаги æййивд æрцудæнцæ къазарматæмæ, иннети равардтонцæ адæмон ополченимæ.

## КУНÆГГÆНÆГ БАТАЛЬОНИ ÆНТÆСТГИН АРХАЙД

Батальон зин уавæрти æнхæст кодта æ ихæстæ. 1942 анзи октябри кæрони немуцаг-фашистон æрдонгтæ нæ республики сæйраг сахари бунмæ ку ’рбахъæрттæнцæ, уæд батальон лæвæрд æрцудæй Дзæуæгигъæуи гарнизони хецауи бæрни. Пайда си кодтонцæ хуæнхти ка адтæй, еци æфсæддон хæйтти хæццæ бастдзийнадæ даруни æма сæмæ уордæмæ тохæнæрмæг хъæртун кæнуни туххæй. Знаги парашютистти, бандиттæ æма дезертирти нихмæ тохуни туххæй дæрæнгæнæг батальонæн ихæсгонд æрцудæй Арвикоммæ æма Уæллагири коммæ цæуæг нæдтæ, æфцæгтæ гъæуай кæнун.

Декабри кæрони батальон архайдта Ирæфи районы Дзæгъепбарзи бунмæ знаги фронт батонунбæл тохи æма æ ихæс исæнхæст кодта æнтæстгинæй.

Дзæуæгигъæумæ фашисттæ ку байервæзонцæ, зæгъгæ, тасдзийнадæ 1942 анзи сентябри фæккарздæр æй. Уомæ гæсгæ ба ма арæзт æрцудæй адæмон ополчений дууæ полкки, фæстæдæр си рауадæй фестæг æфсади бригадæ.

Дзæуæгигъæуи бунмæ фашисттæ дæрæнгонд ку æрцудæнцæ, уæд адæмон ополчений еу хай бацудæй советон æфсади рæнгъитæмæ, иннетæ ба раздахтæнцæ аллихузон кустуæттæмæ æма идарддæр æнхæст кодтонцæ уæди сæйрагдæр ихæстæй еу – фронтæн гъæугæ продукцийæй агъаз кæнун.

Тугъд тугъд æй, æма цийфæнди æверхъаудзийнæдтæ ку исараза, уæддæр цард ба цард æй, цæргæ ка кæнуй, уонæй æхеуон агоруй, æ размæцудæн нæййес бауорамæн нæййес. Уомæ гæсгæ ба, немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ Цæгат Иристони зæнхæй тард ку æрцудæнцæ, уæд республики еугур рауæнти бавналдтонцæ, тугъди фудæй ци зæрантæ æрцудæй адæми цардиуагæбæл дæр æма адæмон хæдзарадæбæл дæр, уони фæстеугутæ райеуварс кæнунбæл æма байархайун, цæмæй цард æ кеми æрцудайдæ...

## ФÆСТУГЪД ЦАРД Æ КЕМИ ЦÆУН БАЙДÆДТА...

Уомæ гæсгæ Цæгат Иристони хецауадæ унаффæ рахаста: гъæуама завод «Стеклотара»-и 1945 анзи дуккаг квартали арæзт фæууа 40 мин æрдæглитруат æвгитæгæнæн пец, хъæбæр гæгъæдийæй асиктæгæнæн цех, суткæмæ си цæттæгонд цæуа дууæ мин асикки; 1946 анзи цуппæрæймаг квартали гъæуама цалцæггонд фæууа крахмалгæнæн завод æма суткæмæ дæтта 20 тонни крахмал; 1945 анзи дуккаг квартали – Даргъ-Къохи рæзæфицæн завод (мин тонни анзмæ), æ къæхтæбæл ислæуун кæнун Дзæуæгигъæуи æхсири-товарон фермæ 1946 анзи дуккаг квартали (400 сторемæн); æнхæстæй гъæуама искосонцæ 1945 анзи цуппæрæймаг квартали Алагири, Карцай, Мæздæги, Малгобеки, Чиколай, Æрæдони, Дигорай, Рахесфарси хуайраги комбинаттæ æма æндæр косæндæнттæ.

Дехгонд син æрцудæй сæ цалцæг кæнунæн æма се ’скосун кæнунæн 25 миллион æма 731 мин соми.

Устур æргом æздæхт цудæй бастдзийнæдти фæрæзнитæ гъæугæ уагæбæл райаразун кæнуни туххæй кустмæ. Арæзт æрцудæй сахари телефонти бастдзийнадæ 1060 номеремæн, Дзæуæгигъæуи центрон телеграф æма центрон сахарæй сахармæ дзорæн телефонти станцæ, дæс районей центри телефонон-телеграфон бастдзийнадæ 492 номери фагæ банивæбæл кодтонцæ, бастдзийнадæ арæзт æрцудæй колхозтæ, совхозтæ, гъæусоветтæмæ. Арæзт æрцудæнцæ бастдзийнади 12 къантори, 31 бастдзийнади хайади, 14 бастдзийнади агентадтæ.

Рохсади, аййевади, литературæ æма науки ирæзтæн 1945-1946 æнзти дехгонд æрцудæй 53904,1 мин соми: адæмон ахурадæн – 32490 мин соми, аййевадæн – 3355 мин соми, радиобастдзийнадæн – 572, 1 мин соми, кинофикацийæн – 3482 мин соми, ирон литературæн – 1890 мин соми, наукæ æма уæлдæр ахурадæн – 8784 мин соми, мухурæн – 331 мин соми.

Адæми фарнæ берæ ’й, æхсаргинæй ниффæразиуонцæ агъазиауæй-агъазиаудæр зиндзийнæдтæн дæр, æверхъау тугъди рæстæги æма тугъди фæсте дæр. Зæрдфедарæй æма æвæллайгæй архайдтонцæ, цæмæй уоййасæбæл лæгæвзарæнти фæсте нæ Фидибæсти сæ цард зæрдæмæдзæугæдæр кодтайдæ, уобæл.

***Æрмæг бацæттæ кодтан, æ рæстæги нæ республики паддзахадон архиви бæрнон косæг СÆРÆЛИАТИ Зарæ аци фарстай фæдбæл ци уацтæ ниммухур кодта, уонæмæ гæсгæ.***



## УÆЗЗАУ РÆСТÆГ

Устур Фидибæстон тугъди анзфинсти 1942-1943 æнзтæ нимад æнцæ тæккæ уæззаудæртæбæл. Гитлеронтæ сæ бицъинæг æскъудтонцæ, цæмæй Сталинград байахæстайуонцæ, Грозна æма Бакуй нефтмæ байервазтайуонцæ…

Гитлер æма е ’мдзæхдонтæ рагæй бæлдтæнцæ Кавкази дессаги æрдзæ æма æгæрон гъæздугдзийнæдтæмæ. Æма æ байсунæн æргъуди кодтонцæ сæрмагонд операци – «Эдельвейс». Æ исæнхæст кæнун ба бабарæ кодтонцæ, «А» ке худтонцæ, еци æфсæдти къуарæн, æ сæргъи фельдмаршæл Лист, уотемæй. Фæстæдæр уой райиивта инæлар-болкъон фон Клейст.

Гитлеронтæ гъавтонцæ Дон æма Кубани цæугæдæнтти ’хсæн советон æфсæдтæбæл æртухсун, æма сæ ниддæрæн кæнунмæ. Уой фæсте 17-аг будуйрон æфсад (12 дивизий!..), инæлар-болкъон Руофи разамундæй, гъæуама байахæстайуонцæ Новороссийск æма Туапсей районтæ, Сау денгизи еугур билгæрæнттæ æма уордигæй бампурстайуонцæ Фæскавказмæ. Еци-еу рæстæг немуцæгти фиццаг танкон æфсад ба бампурстайдæ хонсар-искæсæни ’рдæмæ, Терки билгæрæнттæбæл батудтайдæ махонти гъæуайкæнуйнадæ, байахæстайдæ Владикавказ, Грозна, Махачкала æма Баку. Уомæй уæлдай немуцæгти 49-аг хуæнхон-фестæг корпусæн бардзурд лæвæрд цудæй, цæмæй махонти карз цæф никкодтайдæ Черкесски районы, рахизтайдæ Кавкази Сæйраг рагъбæл, нимпурстайдæ Сухуммæ æма байагъаз кодтайдæ 17-аг æфсадæн Сау денгизи билгæрæнттæ байсуни гъуддаги.

Цубурдзурдæй, Кавказ бахаудтæй мæлæтдзаг тæссаг уавæри. Æма Райгурæн бæстæ бардзурд равардта: знаги бауорамун, æ тухтæ ин ислæмæгъ кæнун æма ’й уордигæй фæстæмæ ранхуæрсун. Æма еци бардзурд æнтæстгинæй æнхæстгонд æрцудæй! Знаг кæд цийфæнди хъаурæгин адтæй, уæддæр уомæй тухгиндæр разиндтæнцæ нæ советон адæмти æнсувæрон хæлардзийнадæ, Фидибæстæбæл еузæрдиуондзийнадæ. Æма знагбæл фæуууæлахез æнцæ.

Иристойнæгтæн сæ бон æй сæрустур ун, цифуддæр знаги размæ сæ сæр ке не ’ркъолæ кодтонцæ, ардигæй, Дзæуæгигъæумæ æрбацæуæнтæй ке райдæдта æма, сауæнгæ Берлини уæнгæ ка нæбал банцадæй, не ’фсæдти еци размæмпурст.

***Иван ТЮЛЕНЕВ,
æфсади инæлар, Фæскавкази фронти раздæри командæгæнæг.***





***Цæликкати Ахмæт æ киунугутæй еуей («Кавказ и Поволжье») раздзурди финста: «Уæрæсей импери цæруй медбæстон арæзтади цитгин доги. Мукдени æма Цусими бæлæхтæмæ (1905 анзи уалдзæги уруссаг-япойнаг тугъди тæккæ дæргъвæтиндæр æма карздæр тогниккалди Мукдени тугъди, уæдта Цусими денгизон тугъди Уæрæсе ходуйнаги састи бунати равзурдæй.- Ред.)***



# АДТÆНЦÆ ДЗАМАНТÆ ÆМА ЦАУТÆ...



**ЦÆЛИККАТИ Ахмæт**
**(1882– 1928)**
финсæг,
публицист

## ФÆНДАГГОНТÆ

Гургъохъо фефсæрми 'й, æ цæстингас дæлæмæ æруагъта, цæйбæрцæдæр рæстæг гъосæй ралæудтæй, уæдта, цума æхе хæццæ дзубанди кæнуй, уоййау нил-лæг гъæлæсæй загъта:

– Мин соми? Гъема фæуувæд уотæ: къуæрей фæсте Хъасболатæн мин соми æ къохмæ æрнимайдзæнæн.

Лæги сæр багъудæй Гургъохъой. Цийфæндийæй дæр гъæуама мин соми иссера, кенæдта Камиллæй æнæхай фæуудзæнæй.

– Раст æй зæронд лæг, – гъуди кодта Гургъохъо. – Камиллæ мин сомемæй дæр хъазардæр æй.

Æма лæхъуæни цæститæбæл раудæй æ уразон кизги сорæт: даргъ цæстихаути ауонæй сатæгсау цæститæ нæ кастæй, фал дууæ рæвдаугæ хори, фæлорс цæсгон ба Уорсхонхи цъетей хузæн ирд адтæй. Уардий хузæн сæнтсурх билтæ зæрдæн хастонцæ æнахур цийнæ, кодтонцæ 'й базургин.

– Камиллæ… Камиллæ, – дзурдта æхецæн лæхъуæн. Мин соми ба ци 'нцæ, Гургъохъо дин æ цард раттунмæ дæр цæттæ ку æй, уæд!

Адгин сæнттæ идардмæ хастонцæ сонт лæхъуæни, æ цæсти ин иссодзиуонцæ цирæгътæ, æ монцтæ райгъал уиуонцæ, æма сæ уорамæг уорамун нæбал фæразта.

Гургъохъо гъудити ранигъулдæй: «Изæри Хъасболати дзæхæрамæ бахездзæнæн, Камилли хæццæ фембæлдзæнæн, боницъæхти ба мæ мæ бæх Ногъайи будуртæмæ æскъæфдзæнæй. Раст зæгъун гъæуй, ногъай къæрцгъос æма цурддзаст æнцæ, фал тæрсагæгомау. Кæд мин ногъайаг хуæрзмуггаг бæхти æргъау ирæди фагæ исуидæ…»

Биццеу уатмæ бахизтæй æма æхе рæвдзитæ кæнун федадта.

Цалдæр боней фæсте цæунмæ рæвдзæ адтæй. Æ гъуддаг рацудæй: Уасгерги ин заманай лæхъуæни æмбалæн рарвиста. Гъæуама еумæ рараст уонцæ Ногъаймæ. Гургъохъо цийнæй мардæй, æ фонси конд ке фæррæстмæ уодзæнæй, уобæл гурусхæ нæбал кодта.

…Хуцауæй арази: берæ цæун сæ нæбал гъæуй – куддæр гъæдæй рахезонцæ, уотæ Ногъайи итигъд будуртæ разиндзæнæнцæ… Гургъохъойæн е 'мбал базардта:

*Тархъæды сыфтæр мын бæлццоны*
*пæлæзау, гъей!*
*Сыфтæрты сыр-сыр та –*
*уарзоны хъæлæсау, гъей!..*
*Æнусон цъититыл ирдгæйы*
*хъæзтытæ, гъей!*
*Сау æхсæв куы кæсы бирæгъы*
*цæстытæй, гъей!*

Гургъохъо кæд е 'мбали мæтъæл зармæ игъуста, уæддæр æ медгъудити равзурдæй Хъасболати дзæхæрай. Цума Камиллæ æ фарсмæ лæууй. Фурæфсæрмийæй зæнхæмæ кæсуй æма бабæй арф ниууолæфуй. Уæдта Гургъохъомæ хæстæгдæр æрбалæудтæй, æ цæститæмæ ин бакастæй æма фæлмæн гъæлæсæй исдзурдта: «Æнгъæлмæ дæмæ кæсдзæнæн. Цо æма дæ гъуддæгутæ кæнæ, Лæгти изæд дæ рæствæндæгтæбæл уадзæд!..»

– Ци нигъгъос дæ, ме 'нсувæр? – æ зар фæууорамгæй дзоруй Гургъохъомæ е 'мбæлццон.

Лæхъуæн фестъæлфтæй, æ гъудити халæ æрбаскъудæй.

– Нуртæккæ гъæдæй рахездзинан, – загъта Гургъохъой æмбал. – Нæхе æрцæттæ кæнæн.

Æцæгæйдæр гъæдæ фæттæнæгдæр æй, бæлæсти 'хсæнæй æрбазиндтæй игуæрдæни урух тæлмæ, æ астæубæл ба 'й цума цæугæдон лух кодта. Думгæ, будуйраг уæгъдебарæ думгæ аллимуггаг кæрдæгути æма деденгути адгин тæф æскъафта. Идард рауæн, арв æма зæнхæ кæми байеу унцæ, уоми æндæргти хузæн æдзæмæй лæудтæнцæ сау мегъи къубулæнттæ.

– Уинис, уартæ уоми хезунцæ ногъай аргъæуттæ, – е 'хси гъæдæй будурмæ райамудта Гургъохъой æмбал.

Сæ балци фæррæстмæ 'й. Ку 'рталингæ 'й, уæд дууæ 'рдхуарди æргъауæн е 'мбес фæххецæн кодтонцæ æма е' мбал 'й ратардтонцæ. Æргъаугæстæ ма сæ земæн уарзон дзубандитæ кодтонцæ, уæдмæ син сæ над æрæхгæдта хуæнхаг цæугæдон. Минкъий раздæр сахуарун æрцудæй, æма дæнттæ райвулдæнцæ, над бахуардтонцæ. Æзнæт уолæнтæ лæбурдтонцæ фæйнердæмæ, зæнхæй устур гæбæзтæ тудтонцæ æма сæ зудæгæнгæ нихъуардтонцæ, бæлæстæ бундзарæй фæлдахтонцæ, къæдзæхти тегътæбæл сæхе æндзарстонцæ.

Гургъохъо æмбохгæ донæн æ тæнæгдæр бунат байагурдта æма æ бæх уордæмæ фæййаразта. Фал æваст æ цæсгон рафæлорс æй, æ цæститæ фуртæссæй ниббæгъгъет æнцæ, æма райгъустæнцæ æ гъæртæ:

– Раздæхæ фæстæмæ! Ма 'рбацо ардæмæ! Тæккæ худуни исмедæг дæн… Фæййервæзæн мин нæбал ес… Мал мæ æхемæ ласуй… Мæ гъæумæ бацæудзæнæ… Камилли иссерæ… Æз си æнæхай фæдтæн… Ду æй ма ниууадзæ… Æцæг æнгарæ мин адтæ… Мæхе 'нсувæри хузæн дæ бауарзтон… Гъа, мæнæ хурдзин райахæссæ… Ирæди фагæ дæмæ уодзæнæй… Камилли ма ниууадзæ… Хуæздæр æма рæсугъддæр кизгæ Хуцау нæма исфæлдиста… Мæнæн ба надгæрон цирт ниввæрæ… Игъосис?.. Игъо…

Фал Гургъохъомæ е 'рдхуард-æнсувæр нæ байгъуста. Æхсæй æ бæх ницъцъинккитæ кодта æма 'й æмбохгæ хъуммæ исаразта. Хæстæгæй-хæстæгдæр кæнуй е 'мбалмæ, уæдта æ гъæлæсидзаг нигъгъæр кодта:

– Федар фæллæууæ, Гургъохъо, фæццæун дæмæ!..

Фал Гургъохъомæ нæбал бахъæрттæнцæ е 'мбали гъæртæ. Æмбохгæ гулфæн æй ранихъуардта, уæдта æхе æ нæуæг амæттагбæл дæр ниццавта. Мæлæтдзаг тох берæ нæбал рахаста.

Нур бор-лæкъун уолæнти уорамæг нæбал адтæй, æма еу инней фæдбæл хебæраги æсхъиудтитæгæнгæ тахтæнцæ.

…Рæстæг цудæй, бæнттæ кæрæдзей сорæгау лигъдæнцæ. Камиллæ сæ тургъæй дзæвгарæ-дзæвгарæ фæккæсидæ надмæ, фал – некæми неци, Гургъохъо зиннæг нæ адтæй…

Æдзард биццеуи хæдзарæ никкæлæццаг æй, фæрстæбæл цъæх гъуна исбадтæй. Æхсæвигæнтти медæмæ гъузгæ-гъузгæ байевгъуйуй циуавæрдæр сау æндæрг, æма бабæй уайтæкки зæрдихалæн сосæг нæтун райгъусуй. Тæрегъæддаг æстуфтæмæ думгæ дæр неуæгау баæрæгиау бæргæ расурдтонцæ, фал сæ нæбал баййафтонцæ.

Гургъохъо æма е 'мбал бæхтæ Кæсæгмæ раскъардтонцæ æма сæ уоми æрбауæйæ кодтонцæ. Фæстæмæ æздахтæнцæ идзаг хурдзинти хæццæ – æхца æма алли хъазар дзаумæутти си уотемæй.

– Уасгергийæн табу, æ фæрци рæствæндаг фæцан, – загъта Гургъохъо. – Берæ нæ нæбал гъæуй нæхемæ. Мæ хæдзарæй дæ тагъд нæ рауадздзæнæн. Мæ къохбæлхуæцæг ду уодзæнæ.

– Фидтæлтæ уотæ загътонцæ, лæги хуарз, дан, надбæл бæрæг кæнуй. Гъема дæ мæ сæр кæми багъæуа, уоми дин мæнæ æновуд æнгарæ. Гъæуама ди мæхецæн æнсувæр зæгъон.

– Æз дæр мæ меднимæри уотæ искарстон. Абонæй фæстæмæ дин мæ сæри астæути над, мæ хæдзарæ ба – дæ хæдзарæ, – загъта Гургъохъо.

Цалинмæ дууæ бæлццони кæрæдкæнуй. Ревæд хæдзари тургъи ци еунæг гæдибæласæ ес, уой сифтæбæл цума ехæнрезæ бацæфстæй, уотæ се 'рхæндæг сæбар-субур нæбал фенцайуй.

## ТОГ ТОГÆЙ ÆХСНАДÆУЙ

– Æрлæууетæ! – загъта зæронд абæрег Али. – Ами фездахæн нæ бæхтæ æма уартæ еци æрдози бахсæвеуат кæнæн.

Али е 'хси гъæдæй райамудта гъæди кæронмæ æма æ бæх фæййагайдта. Мах сабур сæппæй рараст ан æ фæдбæл. Æрдозæмæ ку бахъæрттан, уæд нæ бæхтæбæл сахсæнтæ исæвардтан æма уоми æрбунат кодтан. Кæстæртæ арт бандзарстонцæ æма уой алливарс нæ еугурдæр æруагътан нæхе.

Фæззигон мæйдар æхсæвæ нæбæл сабургай æрæвардта æ базур. Гъавгæгъавгæ нæбæл аллирдигæй æрбатухта æхе. Дууæ къахдзæфæй идарддæр нецибал уидта лæги цæстæ. Еузагъдæй, абæргутæн агоргæ æма æнæиссергæ æхсæвæ. Сибиртт некæцæй игъустæй. Айдагъдæр уоддзæфи æрбауолæфт æма сифти тарст сур-сурмæ зæрдæ æрхæндæг сагъæсти ранигъулдæй. Æстæн хатт нæмæ æгуппæг æрдози кæронæй æрбайгъусидæ нæ бæхти мур-мур.

Еуцæйбæрцæдæр рæстæг ни еу загъд дæр некæмæй исхаудтæй… Арти тæмæнтæ сурх байрæгти хузæн гъазтонцæ нæ фæллад зустхуз цæсгæнттæбæл. Уæлдай бæрæгдæр дардта зæронд Алийи цæсгон. Æ рахес уадолæ ин аудзи хузæн фæддех кодта нос – мæлæт æма царди 'хсæн арæн. Æ устур губур фий адтæй æ къæйнихдзийнадæ æма æ нæрæмони æвдесæн, дууæ минкъий цæсти дууæ зингемæй æрттивтонцæ сæ къурфити арфæй… Кæд фæззæронд æй Али, уæддæр нерæнгæ ма иуонгрæуæг æма науæргин адтæй… Æхсаргин лæг… Æ цард-цæрæнбонтæ рарвиста хæтæнхауæггагæй… Рагон нæртон лæгау æ цæстингас адтæй зуст æма ездон…

Мæн фæндадтæй æ ракъахун, цæмæй бабæй нин æ хæтæнхауæггаг царди хабæрттæй ести радзора, фал имæ мæ нифс нæ хастон – еци æхсæвæ бустæги сагъæсхуз адтæй æ цæсгон, æма си æфсæрми кодтон.

Фæстагмæ Али арф ниууолæфтæй æма, æхе хæццæ дзорæгау, уотæ бакодта:

– Базæронд дæн, æма мæмæ гъузгæй æрбацæуй мæ адзал… Фæцæй мæ цард… Фал уæддæр адтæй дзамантæ… Ехх, адтæй дзамантæ! – фæкъкъæрт æй Али. – Цæйбæрцæ фæззилдтæн æгæндæ гъæдти мæ рагбонтæй нурмæ! Цардтæн лæгæтти, мæ нивæрзæн – къодах, мæ гобан – сифтæ… Уотæ гъе! Мæ фидиуæзæг, мæ хортæ, æз æнагъонæй ниуугъуагътон… Тоггинтæ адтан… Муггагæскъуд фæцан. Æртемæй ма байзадан: мæхуæдæг, ме 'нсувæр æма мæ фидæ. Фал бабæй сау бон æрцудæй æма мин фæххаста мæ фиди дæр æма ме 'нсувæри дæр. Мæлгæ-мæлун ма мин, нæ тог нин уотемæй ма ниууадзæ, зæгъгæ, исфæразта зæгъун мæ мæгур фидæ, æма æ уод исиста. Уомæй рацудайдæ еу анзи бæрцæ, æма еуухæни мæ тоггини дуар æхси гъæдæй ниххуастон: «Гъей, Тасо, дзорун дæмæ, æндæмæ ракæсæ!..» Дуари зихъирæй æд хуæцæнгарз æ сæр радардта Тасо, æма – дæ балгъетæг уотæ – æ медбунати зæнхæбæл æ гупп фæццудæй æма нæбал исистадæй. Æз рабадтæн мæ бæхбæл æма еци æхсæвæй фæстæмæ исдæн абæрег… Мæ фиди цирти рази ард бахуардтон: алли анз дæр ин хист кæндзæнæн. Æма нæ фæссайдтон мæ дзурд… Нур мин фагæ фæууæд… Базæронд дæн. Æрцудæй, æртхустæй мæбæл мæ афонæ, мæ хортæ.

Али æ сæр æ реубæл æруагъта. Еуцæйбæрцæдæр рæстæг нецибал исд-

**Уæрæсей æскъуæлхт артист Тулаттати Александри фурт Бексолтани райгурдбæл 13 октябри æнхæст кæнуй дæс æма цуппаринсæй анзи (1932-2020).**

***æй ка æртардта, еци евгъуд рæстæги фæстеугутæ гъæуама æрцæуонцæ исæфт. Нæуæг цард гъæуама исирæза федар барадон бундортæбæл...» Цæликки-фурти аци загъд абони дæр расагъæс кæнуни аккаг æй – фæстаг рæстæгути Уæрæсе цæмæйти фæхуæрди æй, еци гъуддæгутæмæ бæрнон цæстæй æркæсгæй, байархайун, цæмæй нæ нури размæцуди æнæрæдуддæр уæн...***



зурдта. Æгуппæгæй бадтан мах дæр. Нæ алливарс дуйне еци æнæдзугæй хустæй мæйдари уазал гъæбеси. Æрбайгъусидæ еуæй-еу хатт думги зæрдихалæн неун æма фæззигон сифти сур-сур... Али нæмæ корæгау æрбакастæй æма нигъгъæрзтæй:

– Кæсайтæ мæнæ аци бор сифæмæ, – бæласи сифæ зæнхи уомæл реуæй исесгæй исдзурдта Али. – Е дæр рахаудтæй æ мади гъæбесæй. Мæнæ нæ къæхти бунмæ. Думгæ си гъазуй æхецæн, æ уæлнихти 'й уæд еуæрдæмæ, уæд иннердæмæ рахæссуй, уæдта ин æ сугъд бауæр уаруни циргъ судзинттæй хуайуй... Æ уæзæги къæйæбæл байзадæй е дæр мæн хузæн – æвæгæсæг, æвæрæз.

Али сифæ цæхæрмæ багæлста æма ибæл аллирдигæй зинг куд исервазтæй, уæд уой уингæй арф ниуулæфтæй...

– Уæддæр фæсмон нæ кæнун. Ци рацардтæн, уой рацардтæн, – æ медбилти фæлмæн бахудтæй зæронд лæг. – Ци рацардтæн, уой – хуарз.

Али æ дзубанди фæуууордта æма бабæй сагъæстæбæл фæцæй... Ка 'й зонуй, æма ма æ зæрдæбæл æрлæудтæй æндæр ести рагон хабар дæр, æма ин е æ уолæфæнтæ рахгæдта...

Уæдмæ нæ гъостæбæл рауадæй кедæр уæззау къахдзæфти гъæр æма пихсити къæр-къæр. Али æ хуæцæнгарзмæ фæллæбурдта æма фæггæпп кодта. Æ тингун цæститæ тогæй райдзаг æнцæ... Уæдмæ æхсæви тари æнай-æнойти райгъустæй топпи гæрах, æма дин мæнæ Али, æ еу къохæй æ реубæл фæхххуæстæй, уотемæй, æ хæр-хæр иссудæй, сау зæнхæбæл уæлгоммæ рахаудтæй æма æ гæндзæхтæ телуй. Æ фæлорс билтæ ма зинна-нæзинна базир-зир кодтонцæ, фæсос гъæлæсæй ма исфæразта:

– Исæнхæст æй... Тог тогæй æхснадæуй...

Уоййадæбæл Али ма еу уолæфт искодта... æма рахецæн æй... Зæронд абæрегæн æ цæугæ-царди гъезæмæрттæ фæцæнцæ...

Мæйдар æхсæвæ ранихъуардта æнæгъæнæ дуйне. Ранихъуардта рагдзамантæ, нур æма исонибон... Еци тарæн нæдæр райдайæн адтæй, нæдæр – кæрон...Æ æрфитæмæ хаудтæнцæ цийнæ, гъигæ, зæрдæсаст æма нифс. Еци тар нур æ сау хæрвæй бамбарзта зæронд Алийи дæр, æма ин неке бон бал адтæй еци æнæхæйири сæрисæфæнæй исесун...

## ТАМЕРЛАН ÆМА АЙДÆНÆ

Ка нæ фегъуста, фæсномугæй Къулух ке худтонцæ, берæ паддзахæдтæ æма дзиллити ка басаста, еци номдзуд тугъдон разамонæг Тимури тухххæй?!. Искæсæни алли рауæнти нур дæр ма фæккæнунцæ æ кой...

Аци хабар æрцудæй, Тимури тугъдон балцитæ сæ тæккæ тæмæни ку адтæнцæ, уæд. Зуст балхон бавналдта Уæрæсей зæнхитæмæ дæр. Итигъд будури æрæвардта æ сугъзæрийнæцъопгин цатæр æма бардзурд равардта, цæмæй имæ уордæмæ хæссонцæ еугур æфтуйæгтæ дæр... Тæлтæг бæхтæ, адæмæн æмбесонди рæсугъд силгоймæгтæ, хъазар хъумæцтæ, хæрдгæ ходтæ, сугъзæрийнæ мигæнæнтæ, тохæндзаумæуттæ, æзгъæрходтæ, уартитæ, згъæрхæдæнттæ, арцитæ, саздахътæ, церхъитæ – ка сæ фæууодзæнæй нимад ба? – къуæрттæй æма цæндтæй лæудтæнцæ æма лæги зæрдæ сайдтонцæ сæхемæ... Фал сæмæ номдзуд тугъдон кастæй кудфæндий цæстæй... Уæдта дин æнæнгъæлти ку фестъæлфидæ. Уомæн æма имæ уойбæргæ дессæгти 'хсæнæй ферттивтонцæ æхе æма æ тугъдон разамонгути ирд ауæнттæ... Тимур æвæст фæззилдæй æма æвæстеуатæй æ цатæри исмедæг æй. Æхе стаййи царбæл æруагъта æма гъудити ранигъулдæй.

Уæдта æ армитъæпæнтæ кæрæдзебæл æрцавта. Гъузгæ æнæ 'стуфæй æрбахизтæй æ гъæуайгæнæг негр. Тимур ин бардзурд равардта, æфтуйæгти 'хсæн тæмæнтæ ка калуй, алке æма алцæй сорæт дæр ка 'вдесуй, уой мин ардæмæ æрбахæссæ, зæгъгæ.

Æрбахастонцæ ин æй, æ фарсмæ ин æй æрæвардтонцæ. Тимур исистадæй, бацудæй æма имæ дзæвгарæ фæккастæй... Фæууидта си, æ еу къах æ фæдбæл сифцæй ка ласуй, уæхæн ниллæг лæги, æ фий – тъæпæн, æ цæнгтæ – фудуиндæ даргъ, цæсгон – дзугъуртæ, хорсугъд æма думгæхуаст, æсхъæл сæрбæл – нарæг тæрних... Фæккæститæ кодта æхемæ Тимур, уæдта æнай-æнойти никкудтæй. Цæргæ-цæрæнбæнтти фиццаг хатт...

– О, Исфæлдесæг, – хæкъурццæй кæугæй ниббогъ-богъ кодта бæгъатæр тугъдон, – уотæ карз мæ цæмæн бафхуардтай? Дуйнетæ мин мæ къæхти буни ку æрæвардтай, уæд ма мин æндаг бакаст цæмæн бавгъау кодтай?.. Мæ тугъдонтæн



сæ цауддæри хузæн уæддæр ку фæцайнæ!..

Тимур богъгæнгæ æхе хуссæнбæл багæлста... Уæдмæ æрбахизтæй æ уарзон унаффæгæнæг æма фурадæргæй тæккæ къæсæргæрон сагъдауæй райзадæй. Еу усми фæсте Тимурмæ бацудæй æма 'й фæрсуй:

– Мæ паддзах, цæбæл кæуис?

Тимур рабадтæй:

– Куд нæ кæуон?!. Мæ цардцæрæнбонти абони фиццаг хатт фæууидтон, ци хузæн дæн, уой, – æма айдæнæмæ райамудта. – Гæрр, гæлæхха, сорæттæ иуарæгмæ мæнæн амæй хуæздæр нæ разиндтæй?.. О, Исфæлдесæг!.. Исфæлдесæг... – нæуæгæй бабæй исхæкъурццкодта номдзуд бæгъатæр æма æ цæсгон æ къохтæй рамбарзта... Уалинмæ дин кедæр кæун æ гъостæбæл ку рауайидæ. Æ къохтæ æруагъта, кæсуй, æма дин мæнæ æ унаффæгæнæг дæр гъæйттæй дзиназуй.

– Æдули, ду ба цæбæл кæуис?

Е кæугæ-кæун уотæ бакодта:

– О, мæ цитгин паддзах, ду дæ сорæт еунæг хатт фæууингæй дæхе кæунæй ку марис, уæд мæнæн ба куд гæнгæ 'й, еци сорæтмæ нур дæс æма инсæй анзи ку кæсун, уæд?..

## АБÆРЕГ ХÆМЗÆТИ ЗАР

Аци алæмæти рæсугъд зар раги фегъустон, мæ æригон бæнтти мæ карнæ Цæцæни хуæнхтæмæ ку бахаста, уæд. Зардта мин æй мæ цæцæйнаг æрдхуард Али. Хуæнхтæ, раст цума нæ алливарс сæ уорс уæлдзарæ ходти сахъ бæгъатæртæ асадæни рабадтæнцæ, уоййау сагъæсхузæй игъустонцæ æнæрцæф абæреги зармæ.

Кæсайтæ, уорс хъæрццигъа арви къурфи æ амæттаг райахæста æ болат дзæмбутæй, æваст æй æрцæфтæ кодта æ къæботтæй æма 'й хуæруй.

Кæсайтæ, хъандзалуæраг гæрæм фæранк сæррæттитæгæнгæ фæссоруй сурх сирди, баййафта 'й æма 'й къабæзтæ кæнуй æ уæззау дзæмбутæй...

Нæ!.. Е нæдæр уорс хъæрццигъа æй, нæдæр гæрæм фæранк. Е æхсаргин бæхгин Хæмзæт æхе балæгæрдуй Терки уолæнтæбæл, æ сахъ æмгæртти хæццæ иннæ фарсмæ бахезуй æма хъæрццигъай хузæн рæуæгæй, фæранкау нифсхастæй ратундзуй Ногъайи итигъд будуртæмæ. Уоми хезунцæ уорс бæхæргъæуттæ. Цæрдæг Хæмзæт сæбæл тумугъау ниццæвуй æхе æма сæ раскъæруй Ногъайи итигъд будурти. Скъæруй сæ Терк æрдæмæ. Æрбахезуй аци фарсмæ. Сæударæй æрбахъæртуй.

Тæссаг балци... Æрфæлладæнцæ бæхгинтæ... Се 'фтуйæг римахстонцæ гъæди æма уадзунцæ сæ фæллад. Хæмзæт исхизтæй бæрзонд обауи сæрмæ. Фæлгæсуй аллирдæмæ... Ескæцирдигæй знаг-зиннæг ес æви нæййес?.. Кæд нади сæрмæ ругæ ескæми исистадæй... Кæд æ фæдбæл уруси æфсæдти къуар бафтудæнцæ..

Кæсуй Хæмзæт æма уинуй: Теркбæл æрбахезæни рази бæрæг даруй сау æстъæлфæ, ирæзуй, урухæй-урухдæр кæнуй... Фæдесонæй æрбатундзуй... Уотæ тагъд ма арви будури мегътæ фæссоруй уадæ.

Хæмзæт æрхезуй къилдуни сæрæй æма бадзоруй е 'мбæлттæмæ:

– Арвбæл уадæ е 'скъоттæй мегътæ куд рахæссуй, уоййау æрбатундзунцæ махæрдæмæ не 'знæгтæ. Ма фæттæрсетæ! Стонг фæранки хузæн сæбæл абони ницæвæн нæхе.

Еуминкъий æнæдзоргæй ралæудтæй æма бабæй дзоруй:

– Равгæрдæн бæхтæ æма сæ нæ алливарс горенамад искæнæн. Айдагъдæр уотемæй бауодзæнæй нæ бон нæхе багъæуай кæнун.

Æма тогæвдулд горени ауон æрбадтæнцæ Хæмзæт æма е 'мбæлттæ. Сæ еу цæнди сæрæй фæлгæсуй. Кæсуй æма уинуй: цуппарвадæй æрбаледзуй еу бæхгин. Базудта 'й: æлдар Хъахæрман. Æрбахъæрттæй, фæрсуй:

– Æнсувæр, зæгъай мин æй, ка айтæ, ке цагъартæ айтæ?

Хæмзæт рахизтæй горени ауонæй:

– Ци дæ гъæуй махæй?

– Бафæрсун аййеп ма уæд, фал, зæгъун, ке цагъартæ айтæ?

– Неке, æма нæ зæрди дæр нæй, еске цагъартæ ан, е.

– Ду Хæмзæт нæ дæ? – бафарста Хъахæрман.

– Гъо, æз Хæмзæт дæн!...

– Мадта байгъосæ, Хæмзæт. Дзæгъæли æрцудтæ ардæмæ... Уомæн æма уæ уруси æфсад æрбайяафта, уæ алливарс æртухстæй... нæбал уин ес райервæзæн. Базуртæ уæбæл ку разайидæ, уæд ма, ка 'й зонуй, ратæхиайтæ... Уруси æфсади хецау мæ сумахмæ рарвиста. Барст уин уодзæнæй, уæхе æнæхъуиллист-æнæсумæй уацари ку радтайдæ, уæд.

Æ маст рафунхтæй Хæмзæтæн æма нигъгъæр кодта:

– Мæ фурмæгурæй не 'рцудтæн ардæмæ, Хъахæрман-æлдар. Знаги хæццæ тохи мæ лæгау-лæгæй рамæлун фæндуй. Кадæ æма радæй!

Дæу ба уотæ фæндуй, цæмæй дæмæ уацари радтон мæхе, уæдта мæбæл адæм азуймаги зар искæнонцæ, фæндурæй мæбæл фæццæгъдонцæ! Нæ, мæ хори минкъий, дæ фун дæ фæссайдта. Хæмзæт фæстаг уолæфти уæнгæ тох кæндзæнæй цæф фæранкау. Фæллад æма стонг берæгъ гъæдæмæ куд фæббæлуй, тæлтæг уадсор æфсоргъ итигъд будурмæ куд ниййарцæ уй, уоййау ме 'нæрцæф æмгæрттæ дæр сæ бицъинæг æскъунунцæ мæлæтдзаг тохмæ. Цæугæ нур, Хъахæрман, кæцæй рацудтæ, уордæмæ... Гъо, мах сугъзæрийнæ æма фонс агурдтан, фал нæ абони сугъзæрийнæй сау топпихуасæ хъæбæрдæр багъæудзæнæй. Дуйней хъазардæр – рæстдзæвийнæ хъиримаг.

Уоййадæбæл Хæмзæт цæхгæрмæ фæззилдæй æма æхеуæнттæмæ бацудæй. Раздахтæй Хъахæрман дæр.

Æнай-æнойти топпи гæрæхтæ райгъустæнцæ, æма арви къурфæ райдзаг æй топпихуаси хъуæцæй. Хæмзæт бадзоруй:

– Æлгъист фæууæд абони бон! Тæвдæй исуолæфæнтæ нæййес. Адзали рæстæг нин нæ кæрдти ауæнттæ уодзæнæнцæ нифси хуасæ!

Хæмзæт бадзоруй:

– Куд бæзгин æй хъуæцæ, куд унгæг æй сау бон. Айдагъдæр нин топпæхсти цæхæртæ баскъуæлхунцæ рохс тунæ.

Хæмзæт бадзоруй æ уарзон æнгæрттæмæ:

– Зæдæнгæс кизгуттæ дзенетæй ку кæсунцæ. Алкедæр æхецæн хуæздæр æмкъай æвзаруй. Мах тухххæй, æнгæрттæ, – сæ буцæу, сæ хъаугъа...

Хæмзæти фæндадтæй е 'рдхуæрдти зæрдæ фæффедар кæнун, фал æй æхе зæрдæ зонгæ кодта – адзалæн нæбал ес мадзал... Уæдмæ кæсуй, æма дин уæри кæронæй æрбазиндтæй хърихъуппити бал. Сæ них исаразтонцæ Хæмзæти райгурæн коммæ. Æ къох сæмæ батилдта бæгъатæр тугъдон, дзоруй уæларвон бæлццæнттæмæ:

– Гъе, уалæ бæлццæнттæ, корун уи, мæ хортæ, нæ фæстаг уолæфт нин бахъæртун кæнетæ нæ дзиллæмæ. Фæстаг салам раттетæ нæ сауцæстæ рæсугъдтæн, нæ уорсхъур бæлæутæн. Зæгъетæ син нæ номæй, знаги нæмугæй царæфтуд ке фæцан. Зæгъетæ син никки ма: хъазауатон тохи сæ лæги сæр багъудæй. Зонæн æй: нæ цирттити уæлгъос нæ хуæртæ нæ кæндзæнæнцæ гъарæнгæ. Нæ хуæрти бæсти, зæгъæ, цъæх берæгъти неун игъусдзæнæй нæ сæрмæ, хеуонти бæсти ба – сау халæнтти сау марой. Гъе-мардзæ, боц мæргътæ, сумах нин гъæргæнæг фæуотæ нæ хуæртæ, нæ хеуонтæн кæсæги хонхбæл, зæгъæ, гиаурти къохæй сæ мæлæт иссирдтонцæ сæ тогæйхурст кæрдтæ, зæгъæ, сæ къохтæй не 'суагътонцæ.

Гъе уæхæн дзубандитæ ес зуст цæцæйнаг адæми тохи зари. Игъосунцæ имæ нæуæг фæлтæр, игъосуй имæ, æма 'й ка зонуй, ци маст, ци цийнæ райгуруй сæ æригон реути, циуавæр æскъуæлхтитæмæ фæббæлуй æнæрцæф игурд. Æной кæми 'нцæ, адæми ка балæдæра, æ уæззау сагъæстæ, æ нæрæмон уоди фæндитæ, кæмæ багъардзæнæнцæ, еци лæгтæ?..

**Театри æма киной игъустгонд артист Беройти Егорбæл 9 октябри æнхæст кæнуй фондз æма дууинсæй анзи. Æ фиди фидæ – Беройти Вадим, артист, игъустгонд æй куд майор «Вихрь».**

***ХЪУЛАТИ Беллæ, Дзæуæгигъæуи 18-аг астæуккаг скъолай маддæлон æвзаг æма литератури ахургæнæг: «Зæрдтагон мин æй мæ дæсниадæ, сæрустур си дæн!.. Ахургæнæги фæуууæлдæр кæнунæн ба ес уæхæн гæнæнтæ: уарзун дæ куст æма æнæрæнцойнæй фæллойнæ кæнун, сувæллæнтти рæстзæрдæй уарзун...»***



# ХУÆРЗЕУГУТÆ – ХУÆЗДÆРТÆН

Ахургæнæги Бони фæдбæл арæзт цитгингæнæн мадзали нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** æ радзубандий зæрдигæй райарфæ кодта Цæгат Иристони ахурадон къабази еугур косгутæн æма загъта.

– Сумах уæ еугурдæр рæстуодæй æнхæст кæнетæ уæ ахсгиаг ихæстæ. Нæ дзиллæ уи арфиаг æнцæ уæ зин, фал кадгин хъазауатон фæллойни туххæй. Махæй алкедæр хуарз гъуди кæнуй æ ахургæнгути, уæлдайдæр ба æ фиццаг ахургæнæги. Етæ нæ карни райдайæни аразтонцæ раст надбæл. Сæ зонундзийнæдтæ, сæ зæрдити гъар æнæвгъауæй лæвар кодтонцæ махæн. Уæ куст æнцон нæй, ци агъазиау арфити аккаг айтæ, уомæй, басæттун ибæл гъæуй, хаттæйхатт æнхæст рæвдуд не 'рцæуетæ, фал уой æгириддæр нæ нимайгæй, уæддæр уæ кустбæл устурзæрдæ нæ кæнетæ, æновуд ибæл айтæ, уæ еугур хъæуритæй архайетæ, цæмæй уæ ахурдзаутæ аллихузон зонундзийнæдтæй ефтонггонд æма хуæрзæгъдау уонцæ, нæ бæсти иссонибон нифсгунæй кæбæл бауæндæн, уæхæн фæлтæртæй куд иræзонцæ, уобæл. Абони арфæ кæнæн, нуртæккæ ка косуй, еци ахургæнгутæн еугуремæн дæр, уæдта нæ республики ахуради къабази еугур ветерантæн дæр. Мæ зæрдæ уин зæгъуй федар æнæнездзийнадæ, фарнæ æма нæуæг, никки агъазиаудæр профессионалон æнтæстдзийнæдтæ.

Нæ республики Сæргълæууæги Бардзурдмæ гæсгæ Цæгат Иристони ахургæнгути устур къуар хуарзæнхæгонд æрцудæй аллихузон паддзахадон хуæрзеугутæй. Æнтæстгин педагогон архайд æма бæрзонд профессионалондзийнади туххæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий æскъуæлхт ахургæнæги ном лæвæрд æрцудæй:

Дигори районы Николаевски гъæуи астæуккаг ахурадон скъолай райдайæн кълæсти ахургæнæг **Любовь Бессарабæн**;

Ирæфи районы Чиколай 3-аг астæуккаг скъолай географий ахургæнæг **Бичегкути Риммæн**;

Алагири 2-аг астæуккаг скъолай уруссаг æвзаг æма литератури ахургæнæг **Габолати Жаннæн**;

Беслæни гимназий историй ахургæнæг **Гуриати Надеждæн**;

Дигори районы Мостиздæхи астæуккаг скъолай математики ахургæнæг **Хъæдохти Аллæн**;

Горæтгæрон районы Æрхонки 2-аг астæуккаг скъолай химий ахургæнæг **Иринæ Лысоконæн**;

Дигорай 2-аг астæуккаг скъолай ирон æвзаг æма литератури ахургæнæг **Мæрзати Зæлинæн**;

Горæтгæрон районы Октябригъæуи 2-аг астæуккаг скъолай географий ахургæнæг **Мулдарти Светланæн**;

Æрæдони 1-аг астæуккаг скъолай физики ахургæнæг **Людмилæ Сафоновайæн**;

Дзæуæгигъæуи 41-аг астæуккаг скъолай уруссаг æвзаг æма литератури ахургæнæг **Фидарати Беллæн**;

Беслæни астæуккаг скъолай райдайæн кълæсти ахургæнæг **Татьянæ Халоянцæн**;

Ирæфи районы Лескени астæуккаг скъолай райдайæн кълæсти ахургæнæг **Цæмæхъати Верæн**.

Берæ æнзти ахуради къабази æнтæстгинæй ке косунцæ, уой туххæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий ахуради кадгин косæги ном лæвæрд æрцудæй:

Дзæуæгигъæуи уæлæнхасæн ахуради центри директори фиццаг хуæдæййевæг **Еленæ Астафьевайæн**;

Цæгат Кавкази арæзтадон техникуми директори хуæдæййевæг **Гæбути Диляræн**;

Хъæбæлоти Билари номбæл сувæллæнтти исфæлдистади республикон Галауани уæлæнхасæн ахуради косæг **Гъуцъунати Ольгæн**;

Дзæуæгигъæуи Калоти Георгий номбæл профилон техникуми мастер **Валентинæ Елисеевайæн**;

Цæгат Иристони ахургæнгути зонундзийнæдтæ фулдæр кæнуни республикон институти хестæр методист **Зазиати Андрейæн**.

Аллихузон хуæрзеугутæй аккаггонд æрцудæй ахургæнгути еума къуар дæр.

## ХЕСТÆРИ КАДГИН ЦИ КÆСТÆР НÆ КÆНУЙ, УОЙ ИСОНИБОН ÆГАДÆ УОДЗÆНÆЙ...

# ЗÆРОНД АХУРГÆНÆГИ МЕДДЗУБАНДИ

***Мæнæ дæлдæр ци радзурд мухур кæнæн, уой Черчести Хъасболат кæд кæддæр раги ниффинста, уæддæр æ медесæй ба абони дæр расагъæс кæнунæн аккаг æй. Уæхуæдтæ 'й ку уинетæ, раздæри рæвдзæдæр рæстæгути ахургæнæгæн ци кадæ адтæй, е ин нури, берæ цæмæйдæрти, уæлдайдæр ба æфсæрмæй уæгъдебарæ доги нæбал ес. Никки ба ма – æ кустæй æ карæмæ кенæ æндæр цæмæдæр гæсгæ ка рацудæй, еци хъиамæтгун ахургæнгутæн. Уой туххæй Сергей Меняйло дæр сæрмагондæй ку загъта, æрæги ин нæ республики ахургæнгути хæццæ ци фембæлд адтæй, уоми... Уомæ гæсгæ ба, бакæсетæ Черчести Хъасболати радзурд æма расагъæс кæнетæ, уоййасæбæл ихæсгин ци ахургæнгутæй айтæ, уонæн аккаг æгъдау дæттетæ...***

* * *



Истухстæй зæронд ахургæнæг. Нур инсæй анземæй фулдæр ци пиджак даруй, уой арæхстгай раласта æма 'й шифанери исауигъта. Мæтъæлæй æрбадтæй æ зæронд диванбæл æма арф гъудити ранигъулдæй. Æ сæйрагдæр мæтæ ба адтæй уобæл, æма 'й абони дууæ рауæнемæ зиантæмæ цæун ке гъæуй, æма имæ уомæн ба æхца ке нæййес. Уобæл æй хъæбæрдæр æ катай æма ин æ медгъудити хæццæ байеудагъ æй дзубанди:

– Нур, мадта, уотемæй куд цардæуа? – дзоруй мæстгунæй.

– Æма дин ке фуд æй? Уæд дæ ахургæнæгбæл ахур кæнун нæ гъудæй... – æ хъури фæббадтæй æ медгъæлæс.

– Æма ахургæнæг раздæр кадгин ке адтæй, е ди феронх æй? Сæ ходтæ дæр ма-еу ку истонцæ...

– Е раздæр адтæй. Гъо, уæд ин кæстæртæ сæ ходтæ истонцæ, нур ба ахургæнгутæн сæхе ходтæ дæр скъæфгæ кæнунцæ. Нæбал æй гъуди кæнис, айразмæ дин фудуаг биццеутæ дæ сæрæй дæ фиди бухайраг ходæ куд фелвастонцæ, уой?..

– Кадæрдæр цийфæнди кæнæд, уæддæр æз царди медæгæ лæгъузæй некæд некæмæн неци ракодтон.

– Гъо, ду берети исаразтай ахури надбæл.

– Æма е лæгъуз æй?

– Бафæрсæ син сæхе... Дæ фæрци беретæ иссæнцæ профессортæ, устур ахургæндтæ, фал сæ царди уавæртæ ба абони гæвзуккæй-гæвзукмæдæр цæунцæ...

Тухсуй, катайии бацудæй зæронд ахургæнæг. Никки зиндæр ба ин æй, æма æ медгъæлæси фарстатæн æ бон дзуапп раттун ке нæй, е. Уæдмæ изæр кæнун дæр райдæдта. Зæронд ахургæнæг æ къела фæххæстæгдæр кодта къæразгæмæ. Кæсуй, æма дин сæ рази еу фæсарæйнаг машинæ ку 'рлæууидæ. Рахизтæй си еу даст сæр, туппуртæарæзт лæпполæг. Е ахургæнæгмæ равдиста е 'вдесæндар, нур анзмæ хæстæг æхца газ æма токæн ке нæ бафиста, уой туххæй ин ралух кодта æ рохси телтæ æма ин исæхгæдта æ гази хæтæл.

– Еу мæйи 'мгъуд ма мин уæддæр раттетæ, – балигъстæ кодта лæхъуæнæн зæронд ахургæнæг.

– Мæнæн дин мæ бон фæййагъаз кæнун нецæмæй æй. Уæлдæр хецауадæй барæ райсæ, æма – табуафси! Уæдта мин кæддæр «дууитæ» ке æвардтай, цалдæр хатти мæ дæу туххæй уæлдæр кълæстæмæ ке нæ исæййивтонцæ, е ди феронх æй, уæддæр мæнæй нæ феронх æй. Æма ци? Кæд дæу фудæй уæлдæр скъола нæ фæдтæн, уæддæр, мæнæ мæ куд уинис, уотемæй нæ фесафтæн. Неци гъæуагæ дæн. Æхца, дууæуæладзугон хæдзарæ, дачæ, фæсарæйнаг хуæдтолгæ – еузагъдæй, неци гъæуагæ дæн, мæ раздæри зундамонæг.

Уоййадæбæл лæпполæг рабадтæй æ рæуæг хуæдтолги æма уайтæкки сæ рæзти уоми уæлæмæ иссуффутт кодта.

Зæронд ахургæнæг мудадзин цирагъ иссугъта. Мæтъæл сагъæсти рандæй. Æ медгъæлæси хæццæ бабæй ин байеудагъ æй лæгæй-лæгмæ дзубанди. Фал бабæй аци хатт дæр зæронд ахургæнæгæн бæлвурд дзуæппитæ раттун не 'ссæй æ бон æ медгъæлæси берæ фарстатæн.

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Алани мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **500**. Заказ **№2051.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 07.10.2022.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 07.10.2022.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**